

# KESYON AK REPONS

## SOU SENTESPRI



E apre yè swa nou jis ranpli nè. Mwen te tandè bon rapò jodi a sou anpil moun ki te resevwa Sentespri a. E nou kontan pou sa.

<sup>2</sup> M kontan gen Frè Graham avèk nou aswè a, youn nan asosye nou yo isi a ki soti nan tabènak la, pastè legliz sentete a anwo nan Utica. Epi Frè Jackson, li te anndan la, yè swa, mwen kwè se te sa, oswa li dèyè a la a nan asanble a kèk kote la kounye a, yon moun di, nan . . . Wi, mwen wè Frè Jackson dèyè a kounye a nan asanble a. Epi—epi Frè Ruddell, èske l isi a aswè a? Sa se yon lòt nan asosye nou yo isi a sou wout “62 a.” Nou kontan genyen yo la. Epi avèk . . . Oo, Frè Pat, ak tout lòt frè sa yo, nou—epi ki nan asanble a. Nou kontan genyen nou tout isit la aswè a.

<sup>3</sup> Kounye a, si m ta vle bay yon rezon a bagay la, m t ap mennen kèk nan bon predikatè sa yo isit la pou pale avèk nou, paske mwen anwe jis poutèt mwen te pase yon sitèlman gran moman yè swa.

<sup>4</sup> Kounye a, madanm mwen, li se endikatè mwen; nou konnen, frè m yo, de kisa m ap pale. Li te di moun ki dèyè yo pa t ka tandè m yèswa, paske m t ap pale nan bagay sa a. E kounye a, anvan m kòmanse, m pral eseye yon bagay. Bon, m ap mande m si sa a pi bon. Èske sa mye nan fon dèyè a? Oubyen èske sila pi bon? Èske sa miyò? Kounye a, Cheri, sa a pou yon fwa mwen fè yon pwèn sou ou. Kounye a, yo di ke sa miyò. Dakò. O, la la! Sa a se yon fanm. Sa a se yon bon kou, paske sa fè lontan m pa t fè youn. Anjeneral se manzè ki gen rezon.

<sup>5</sup> Ebyen, se sèten nou te pase yon bon moman ak twa sware reyinyon sa yo; pou mwen se te sa. Epi kounye a, kasèt yo, yo tout eksepte yè swa . . . Mwen te rele Frè Goad pou m te di l pou l vin pran kasèt la pou tabènak la. Men sa te rive ke m te konprann ke Billy Paul te gen machin li an epi l te ale, kifè kasèt la pa t fèt pou otan ke m konnen. Kifè nou te rate sa a. Mwen ta renmen kenbe l nan legliz la pou byen legliz la pou ke—yon moun ka di—sa nou kwè.

<sup>6</sup> Kounye a, aswè a mwen pral pale sou *Gran Konferans Lan*, si m ka pase atravè kesyon yo a tan. E apres, demen maten se yon sèvis gerizon. Epi nou pral priye pou malad yo. Se poutèt sa, nou pa ka fè distribisyon—oswa jis ale pou di, “Bon, m ap pran oumenm, epi oumenm, ak oumenm.” Sa pa t ap kòrèk. Men nou distribye yon seri kat, epi kèkpa pami kat sa yo, mwen rele kèk vin sou estrad la. Epi lè sa a, si Sentespri a kòmanse ap revele, alò

Li pakouri asanble a pou chwazi moun nan asanble a pou sèvis gerizon an. Epi apres a, demen maten, m ap pale, si Seyè a vle, jis anvan sèvis gerizon an.

<sup>7</sup> Mwen wè madanm mwen ap ri. Cheri, ou pa ka tande m ditou? Oo, w ap tande m. Bon, se byen. Li chita dèyè a la a e si se—ou pa ka tande m, li sekwe tèt li ki vle di, “Ou. . . Pa ka tande w, pa ka tande w.”

<sup>8</sup> Kidonk demen—demen swa se yon sèvis evanjelizasyon ak sèvis batèm dlo. Epi answit, osito m fin preche demen swa, n ap tire rido yo pou fè batèm dlo a isi a demen swa. Si Seyè a vle, si Seyè a vle, nan maten mwen vle—oswa demen swa mwen vle pale sou sijè: *Yon—Yon Siy Te Bay*. Epi apres a, si nou isit la Mèkredi swa, si Seyè a pèmèt mwen pou m la a Mèkredi swa, Mwen vle pale sou sijè: *Nou Te Wè Etwal Li A Nan Lès Epi Nou te Vini pou Adore L*. Kounye a, sa se jis anvan lavèy Nwèl.

<sup>9</sup> Epi apres a, imedyatman apre Nwèl se semèn fèt Nwèl la. Se lè sa nou pran tout lèt yo. . . Frè Mercier ak lòt yo dabitib soti yo tout. Epi nou etann yo tout, e nou priye sou lèt sa yo pou mande Seyè a kondwi nou kote nou dwe ale nan mond lan.

<sup>10</sup> Bon, yo se, Òm Dafè Kreyen yo, ki gen tout yon pwogram, ki dwe nan Florid touswit pou konferans yo a. Pati de laba a pou Kingston, apres a ale nan peyi Ayiti, pou desann Pòtoriko, antre nan Amerik di Sid, retounen anpasan pa Meksik.

<sup>11</sup> Men Seyè a sanble ap kondwi m nan peyi Nòvèj. M pa konn poukisa. Ou konn ti liv ki rele *Moun Bondye Voye A?* Se pi gwo liv relijye ki pibliye nan peyi Nòvèj. Panse a sa, sa Seyè a te fè la. E lè m te la, yo pa t vle kite m poze men sou malad yo. Mwen te la pandan twa nwit. E yo pa t vle kite m poze men sou malad yo. Kifè ou wè ki sa Bondye ka fè. Foul moun yo te tèlman anpil yo te oblije pran polisye a cheval, sou chwal yo, pou yo te fè moun yo deplase nan lari a de fason m te ka rive nan plas la. E mwen pa t poze men sou malad yo. Mwen te kanmenm priye pou yo; m te fè yo poze men yo youn sou lòt.

<sup>12</sup> Kifè. . . [Yon moun pale ak Frè Branham—Editè a.] Ya, m ap fè l sèten, apres a. Bon, demen maten. . . Bon, aswè a, petèt nou va jis antre nan kesyon sa yo, paske nou gen kèk ki bon tout bon. E m pa konnen pou konbyen tan Seyè a va kenbe nou sou yo. E answit, demen maten swa Billy Paul, Gene, oubyen Leo, youn, pral isit la pou distribye kat lapriye a uitè jiska uitè trant. Kounye a, moun ki pa fè pati de vil la, pèmèt mwen refè l ankò konsa nou p ap bliye. Si nou ta renmen antre nan liy lan, nou ta pito pran moun ki soti deyò vil la si se posib.

<sup>13</sup> Bon, pafwa isi a nan legliz la nou rive nan yon pwen kote yo di “Ebyen. . .” Nou pran moun ki soti deyò vil la, mennen yo vini. . . Yon moun va di, “Ebyen, m pa t konnen kisa ki pa t mache avèk yo. Yo te ka ap di yon bagay ki pa sa.” Apres a ou gen moun nan vil la; yo di: “Oo, ou ka konnen yo.” Kifè. . . Apres a yo di—sa

te di, “Ebyen, m ap di w, se gras a kat priyè yo.” Ebyen, e sila yo ki pa t gen kat priyè yo? E sa te genyen dè jou e dè jou kan se . . .

Kisa w di? [Yo mande Frè Branham pou l kanpe pi lwen mikwo a—Editè a.] Kanpe pi lwen mikwo a? Ebyen, ou konnen, mwen toujou preche sou mitan wout la. Alò petèt m ap jis pran l konsa. Èske sa miyò? Sa miyò. Se byen. M ap di w kisa sa ye. Sistèm adrès piblik nou—nou an féb anpil, fèb anpil. E nou p ap eseye vin miyò kounye a, paske nou vle bati nouvo tabènak la touswit. Epi apre n ap gen anpil plas (ou wè?), si nou ka vire bò la a epi laji kote sa a yon ti kras pi gran, pou ajoute kèk plas anplis, epi prepare nou pou reyinyon yo lè nou genyen yo isit la.

14 Epi kounye a, sonje, nan maten ti mesye yo, youn oswa twa nan yo pral distribye kat yo ant uitè trant, oswa, uitè e uitè trant. Sa bay tout moun yon chans pou yo byen enstale yo. Bon m t ap pale sou jan yo distribye kat yo, poukisa nou fè sa. Se pou kenbe lòd. Ou wè? Kounye a, sa k t ap rive si m ta vin isit la, jis tankou kounye a pou di, “Kite fanm *sila a*, fanm *sa a*, ak nonm *sa a*, ak fanm *sa a* . . .?” Ou wè, sa t ap on jan—sa t ap on jan difisil. Ou wè? E alò, si w . . . Anpil fwa mwen te fè sa. E si yo pa twòp nan maten, mwen ka fè menm bagay la. Mwen va di, “Konbyen moun isi a ki soti deyò vil la ki gen yon bagay ki pa mache avèk yo? Leve kanpe.”

15 Frè Mercier, w ap vin pote m sekou. W ap ede m? [Frè Mercier di, “M ap vin pote sekou bay tèt mwen.”—Editè a.] Oo, w ap vini . . . L ap vin chache pwòp sekou l. Mwen te pale ak mennaj ou jodi a. Ebyen, ou ta fè mye pou vrèman janti avè m. Ou wè? Dakò. Se byen. Mwen—mwen admire kouraj sa a Frè Leo. Lè l pa kòrèk, ann—ann fè l osi kòrèk ke nou konnen pou chanje sa, le mye ke nou kapab.

16 Kidonk kounye a, m jis ap mande moun ki soti deyò vil la pou leve men yo sa yo ki gen yon bagay ki pa mache avèk yo. Epi jis kanpe la, ap priye pou yon sèl moun jouk Sentespri a mete sa an mach, epi pran kontwòl oditwa a nèt. Konbyen moun ki te la lè yo te wè sa fèt isit la? Sèten! Ou wè, ou wè? Kidonk se pa grav fason sa ye a. Se jis . . .

17 Mwen vle nou sonje sa, e mwen pral eseye retounen sou sa ankò nan maten. Moun lòt nasyon yo, Levanjil ke yo ba yo a se yon Levanjil ak lafwa, se pa zèv ditou. Ou wè? E jan m te di yè swa a. Lè Sentespri te tonbe jou Pannkot la, lè yo te desann al kot Jwif yo (Ak 19:5), yo te oblije poze men sou yo pou yo te resevwa L. E lè yo te desann al kot Samariten yo, yo te oblije poze men sou yo. Men lè yo te vin kot Moun lòt Nasyon yo kay Kònèy, “Pandan Pyè t ap pwononse pawòl sa yo . . .” San enpozisyon dè men.

18 Lè tifi a te mouri, pitit fi Jayiris la, prèt la, te di, “Vin poze men sou li, e li va viv.” Men pou santiryon Women an, Moun lòt Nasyon yo, sa te di, “Mwen pa diy pou W vin anba twati mwen, pwononse pawòl la.” Se fin eksplike. Ou wè?

19 Fanm Siwofenisyèn lan, li te anreyalite yon grèk, lè li—lè Jezi te di l, te di, “Li pa apwopriye pou Mwen pran pen timoun yo epi bay chen yo li.”

Manzè te reponn, “Se vre, Seyè; men chen ki anba tab la manje ti myèt pen timoun yo.”

Li te di, “Akoz deklarasyon sa a, dyab la kite pitit fi w la.” Kifè di bon bagay. Di yon bon bagay sou yon moun. Pale de Jezi. Di yon bagay ki sensè, yon bagay ki reyèl. Se fason sa a pou chase demon yo. Li pa t janm di—Li pa t janm priye pou tifi a. Li pa t janm di yon bagay konsènan tifi ki te geri a; Li te jis di, “Akoz deklarasyon sa a, akoz deklarasyon sa a . . .”

20 Hattie Wright, lòt jou, pa t mande anyen. Li te jis chita la, men li te di bagay ki kòrèk la, ki te fè Sentespri a plezi. Epi Sentespri a te reponn pou di, “Hattie, mande nenpòt bagay ke w vle, kèlkeswa sa w te genyen an epi w ta renmen genyen. Chache konnen si sa reyèl ou non. Mande nenpòt bagay (gerizon ti sè l ki enfim ki te chita la tou envalid; di mil dola pou l sispann fouye ti mòn sa yo lòtbò a; restorasyon jènaj nan kò l ki fin deperi a); kèlkeswa sa w vle mande a, mande l kounye a. Si L pa vin ba ou l kounye a menm, alò mwen se yon fo pwofèt.” Sa se—sa se kichòy, pa vre?

21 Jezi di, “Di montay sa a . . .” E nou te tandè—konsènan sa k te pase; sa se ministè ke n ap antre ladann lan. Nou byen lwen sou wout la kounye a. Byento se Vini Seyè Jezi a. E nou dwe gen lafwa pou anlèvman nan yon Legliz ki ka chanje nan yon moman, nan yon batman je pou ale, osinon nou pa prale. Men pa enkyete w, sa va la. Sa ap la. E lè pwisans legliz *sa a* va manifeste, sa ap mennen frè l yo; pwisans legliz *sa k* ap manifeste, ap mennen frè l yo; pwisans legliz *sa pral* mennen lòt frè yo; alò va gen yon rezirèksyon jeneral. E n ap ret tann li.

22 Kounye a, pa bliye, kat priyè nan maten de uitè jiska uitè trant. Apresa mwen mande yo pou sispann distribisyon kat yo, pe enpòt kantite ki te antre lè sa, epi retounen, pou al chita (ou wè?), paske yo va petèt gentan distribye tout nan moman sa de tout fason, oswa otan ke nou va rele apati de la kèkpa. Jenn gason yo va leve, pou melanje tout kat yo drèt devan je w, alò si w vle gen youn, ou vle gen youn, oswa yon bagay konsa . . . Konsa lè m antre, m ap jis . . . Pe enpòt apati de ki kote Seyè a di rele . . . E si L di, “Piga w rele ditou,” mwen p ap rele yo ditou (ou wè?), jis pe enpòt sa l ye a.

23 E m ap . . . Ministè sa jis sou pwèn fini de tout fason; gen yon bagay pi gran ki nan wout. Sonje, se la a chak fwa sa te konn anonse se sou lestrad sa oubyen sou chè sa a, e sa poko janm echwe. Nou sonje ministè konsènan men an? Ou wè kisa sa te fè? Panse ki nan kè yo, nou wè kisa l te fè? Kounye a siveye sa a: pwononse Pawòl la, gade sa L ap fè. Ou wè? Mwen te di nou isit la sa fè plizyè lane—legliz la (m ap pale ak tabènak la)—dèzane de

sa, twa oswa katran pase, yon bagay te sou pwen pou konkretize; li sou pwen rive. E men li kounye a ki kòmanse ap manifeste pou l vin. . . L ap pran fòm li. Kounye a, nou gen rekonesans pou sa. O, ala nou gen rekonesans. Jis tèlman kontan.

24 Kounye a, nou gen kèk kesyon difisil isi a, e nou vle rantre dirèk ladan yo. Yon moun te gade tout liv sa yo ke m te genyen. Mwen te di, “Ebyen, yon nonm entelijan sèlman bezwen yon sèl.” Men m pa yon nonm entelijan. Mwen oblije gen anpil nan yo pou m gade ladan yo. Ebyen, sa a se Diaglott, e sa a se yon Bib, e sa a se yon konkòdans. Kifè se yon. . . Nou jis pral mande Seyè a pou ede nou epi dirije nou pou reponn kesyon sa yo senpleman selon volonte Divin Li ak Pawòl Li.

25 Alò kounye a, annou bese tèt nou jis yon moman pou priye. Seyè, nou rekonesan anvè Ou nan fon kè nou pou sa W te fè pou nou nan twa dènye sware sa yo. Oo, pou ap gade rankont minis yo dèye a nan sal la epi ap bay lanmen, epi renouvle lafwa, epi—epi pou franchi yon nouvo etap. Ap rele nan telefòn. . . Epi kè nou ap rejwi, epi moun k ap resevwa Sentespri apre yo te fin—wè Pawòl Ou, jan Li di egzakteman etap pa etap fason pou resevwa Sentespri W la. Nou sitèlman gen rekonesans pou sa, Seyè.

26 Ou rann bagay yo tèlman senp pou nou, paske nou se yon pèp ki senp. E nou priye, Bondye, ke—ke Ou va kite nou konplètman rann tèt nou toujou senp. Paske se. . . Se sila ki imilye tèt li a ke yo va leve. Epi sajès mond lan se foli pou Bondye; sa te fè Bondye plezi atravè foli predikasyon sove sila yo ki te pèdi.

27 Epi kounye a, Papa, gen isi a nan men pa m plizyè kesyon ki poze ak kè sensè ki gen enkyetid. Epi yon sèl nan yo ki mal reponn ka jete moun nan move chemen an, pou voye fo limyè sou kesyon k ap nwi yo an. Kidonk Seyè Bondye, mwen priye ke Sentespri Ou va ajì sou nou pou revele bagay sa yo, paske sa ekri nan Lèzekriti, “Mande e ou va resevwa; epi chache e ou va jwenn; frape epi yo va louvri pou ou.” E se sa n ap fè kounye a, Seyè, ap frape nan pòt mizerikòd Ou a. Pandan nou kanpe nan lonbraj jistis Divin Ou, nou sipliye pou San Kris Bondye a ak Sentespri a.

28 E nou pa vini aswè a jis paske nou te fini ak twa sware sa yo ap preche sou Sentespri a, nou vini ak reverans e senserite ki pi pwofon an. Nou vini kòm si se te dènye sware nou t ap janm genyen sou tè a. Nou vini ak konfyans ke W va reponn priyè nou yo. Epi Seyè, nou mande W kounye a pou satisfè nou ak Lavi Etènèl Ou. Epi pandan n ap reponn avèk Pawòl Ou a, ke Sentespri a, O Bondye, ke nou jwenn ki se Oumenm nan mitan nou, nou priye ke Li va revele nou aswè a bagay nou dezire yo. E nou te dezire sèlman ke nanm nou ka poze, epi lespri nou anpè, epi gen fwa nan Bondye pou avanse epi reklame benediksyon ke L te pwomèt yo. Nou mande sa nan Non Jezi. Amèn.

<sup>29</sup> Kounye a, mwen gen tout kesyon yo te ban mwen yo, eksepte youn. Mwen te reponn ti Frè Martin ki te poze m yon kesyon avan yè swa, jis youn. Te gen anpil isi a yè swa, men se te rekèt priyè. E Frè Martin te poze m kesyon sou Jan 3:16—osinon Jan 3, Mwen kwè, osijè, “Amwens ke yon nonm ne avèk dlo ak Lespri, li pa ka wè Wayòm lan,” e li te konpare l ak yon kasèt ke m te soti sou Ebre yo. E m te rankontre l nan fon sal la isi a yè swa, e—davans m te gen yon chans pou m reponn li, e mwen te fè l la a, sou sijè sa.

<sup>30</sup> Kounye a, èske genyen isi a ki pa t la yè swa? Kite m wè men nou, moun ki pa t isi a yè swa. Oo, se sèten, nou swete ou te ka avèk nou. Nou te pase yon moman tèlman gloriye. Sentespri a . . .

<sup>31</sup> Mwen ta ka, jis pou yon minit. . . Sa pap fè mal. Sa te anrejistre. E si nenpòt minis ta rive—oswa yon moun ta rive pa dakò sou sa m sou pwen di kounye a, oswa menm sou kesyon yo, mwen mande, frè, ke w pa panse ke li etranj, men ke—sonje ke kasèt sa a ap fèt nan tabènak nou an isit la. N ap anseye pèp nou an. Anpil minis ak fwa ki diferan toupatou. E m ta renmen rantre nan sijè a ankò, paske gen kèk nan moun nou yo ki pa t ka antre yè swa ke mwen wè aswè a. E m ta renmen jis pase atravè sa yon moman, si w pèmèt li, sou sa m te pale yè swa a; se te sou Pannkot la, sou resevwa Sentespri a.

Kounye a, lè m li nan *Emphatic Dyaglot* tradiksyon grèk la, kote m te ye yèswa a, ki louvri devan m la. Sa se tradiksyon orijinal de Grèk a Anglè. Li pa pase pa lòt tradiktè, se—pa lòt vèsyon, li vin dirèk de Grèk a Anglè. Kounye a, mo Angle yo, anpil fwa gen tèl siyifikasyon, tankou mwen ta ka di la, *board*. Pran mo sa a *board*. Ou ta ka di, “Ebyen, li vle di ke nou te *raz* pou li.” Non! “Oo, li—li te peye *pansyon* pa l.” Non! Ebyen, li . . . “Se yon *planch* sou kote kay la.” Bon, ou wè? Oswa nenpòt nan sa yo . . . Gen kat ou senk mo diferan ki ka itilize; ou dwe pran fraz la. Mo *see a*. *See* vle di “konprann,” an Anglè. *Sea* vle di “yon kantite dlo.” *See* vle di “gade.” Ou wè? Men nan tradiksyon sa yo, mo isit la ki te itilize, ke m te pale de li yè swa nan Ak chapit 2 a, kote sa di: “Lang dife te sispann sou yo . . .” Kounye a, mwen ta renmen jis retounen jis yon moman. Èske w ta renmen pou, jis yon moman, epi on jan revize l pou yon moman anvan nou al pi lwen?

<sup>32</sup> Kounye a, ale, ou menm nan Wa Jak oswa kèlkeswa tradiksyon w ap li a . . . E mwen vle li l. Epi koute vrèman ak atansyon kounye a. Piga w mal konprann. Anpil jodi a, menm sè m lan, anpil nan yo te rele, pou di . . . Madam Morgan . . . Anpil nan yo te la yè swa. Madam Morgan se youn nan sè nou yo ke yo te abandone; e li te sou lis lanmò Louisville pandan sèz, disèt lane pase ak kansè. Mwen kwè li chita dèyè a la a ankò isi a aswè a. Li pa t ka tandè, li te di, poutèt m t ap pale dirèkteman nan mikwo a. E pou byen yo mwen vle pase sou sa pandan yon moman.

33 Kounye a, m ap li Ekriti sa a nan Ak 2:

... *lè jou Pannkot la te rive nèt, yo tout te nan yon sèl panse...* (Kounye a, mwen pi renmen sa a pase yon sèl akò a: paske ou ka gen yon sèl akò sou preske nenpòt sijè, men la a panse yo te menm.)... *yon sèl panse e nan menm plas la.*

*E toudenkou te gen yon son ki te soti nan syèl tankou yon van vyolan ki t ap dechennen, e li te ranpli...* tout *kay kote yo te chita a.* (Pa ajenou, pa ap priye, men chita.)...

... *Ti lang separe...* (L-a-n-g—ti lang. “Separe” vle di, “te apa.”)... *Lang yo... te vin a yomenm...* *tankou...* *boul dife, epi youn...* (“Youn,” sengilye)... *te poze sou chak nan yo.*

*E yo tout te ranpli...* (“E,” konjonksyon.)... *yo tout te ranpli ak Espri Sen an, epi yo te kòmanse pale nam lòt lang, selon ke Lespri a te pèmèt yo pale.*

Kounye a *te gen Jwif ki te abite nan Jerizalèm, mesye ki te devwe, ki soti nan tout nasyon anba syèl la.*

... *lè sa te rive...* epi nouvèl sa a t ap sikile, *foul la te rasanble, e yo t ap mande, paske...* tout moun *te tandè...* pou tèt li *yo k ap pale nan pwòp lang pa yo.*

34 Kounye a remake! Lè dife a te rive, se te lang; lè yo t ap pale, se te langaj. Bon, gen yon pakèt diferans ant lang e langaj. Pou nou yo tout se menm bagay. Men, an lang grèk, “lang” vle di sa a. [Frè Branham bay yon egzanp—Editè a.] Zòrèy se *sa a*. Ou wè? Sa pa vle di yon langaj; sa vle di pati nan kò w ki se yon lang. Si w remake, li te tradwi pa *lang dife* ki vle di “tankou lang,” jis tankou yon flanm dife, yon flanm dife ki long. Kounye a, siveye ranfòseman an la. E chak nan kote sa yo la, pa bliye sa.

35 Kounye a, n ap fè yon ti pyès teyat aswè a. E m ap kite sa nan men nou. Kounye a sonje, si yon bagay kontrè, sa regade w. Men sèl fason pou yon moun ka janm jwenn yon bagay nan men Bondye se pa lafwa. E anvan pou w ka...

36 Mwen dwe konnen sa m ap fè a anvan m ka gen lafwa nan sa m ap fè a. Poukisa w te marye ak madanm ou? Ou te gen konfyans nan li. Ou te mete l aleprèw, ou te obsève l, ou te wè ki kote l soti, kimoun li te ye. Se konsa avèk Lekriti, avèk Bondye. Se sa ki pwodui vizyon sa yo, Kolòn Dife sa a—tout bagay sa yo, paske Bondye te pwomèt li. Bondye te di sa. Mwen te teste L ak Pawòl Li e m konnen ke Se Laverite. Epi ou swiv Pawòl Li a. Lè sa si gen yon ti konfizyon yon kote, alò gen yon bagay ki pa mache kèkpa. Paske Bondye (koute!)—Bondye pa t ajì oswa pap janm ajì andeyò pwòp—oswa kontrè a pwòp lwa pa L. Sezon ivè a pap vini an ete, epi ete a pap vini an ivè. Fèy yo pap tonbe nan sezon prentan pou retounen nan sezon otòn. Ou jis pa ka fè sa.

37 Jan m te di yè swa konsènan pwi atezyen an, k ap awoze rekòt ou a. Oswa si w kanpe deyò la nan mitan yon chan, epi li fè nwa kou lank, epi w ap di, “O, gran elekrisite, mwen konnen w nan chan an. Kounye a, m pèdi, m pa konn kote m prale. Fè limyè, pou m ka wè kijan pou m mache! Gen ase elekrisite pou klere chan an.” Se vre. Wi, mesye! Gen ase elekrisite nan sal sa pou klere l menm san limyè sa yo, san sa. Men ou dwe metrize l. Kounye a, ou ta ka rele fò jouk ou pa ta kapab ankò, sa pa t ap janm limen. Men si w ap travay dapre lwa elekrisite yo, alò ou va jwenn limyè.

38 Ebyen, se menm jan li ye pou Bondye. Bondye se gran Kreyatè syèl ak tè a, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li toujou Bondye. Men L ap ajì sèlman dapre jan w swiv lwa L ak enstriksyon L yo. Zanmi, m di sa: m pa janm wè sa echwe, e sa pap janm echwe.

39 Kounye a, ann gade. Jezi nan Lik 24:49 te komisyon apot yo apre yo te fin sove epi sanktifye dapre Pawòl la; jistifye nan kwè nan Seyè Jezi; sanktifye nan Jan 17:17 lè Jezi te di, “Sanktifye yo, Papa, atravè Verite a. Pawòl Ou se Laverite.” E Li te Pawòl la.

40 Kounye a, li te ba yo pouvwa pou geri malad, chase demon, resisite mò yo; e yo te retounen ap rejwi. E non yo te nan Liv Lavi Ayo a. Nou sonje kijan nou te pase atravè sa la. Men yo potko konvèti. Jezi te di Pyè jou lannwit krisifikasyon Li a, Li te di, “Apre w fin konvèti, lè sa a ou va fòtifye frè w yo.”

41 Sentespri a se sa k . . . Ou kwè pou ka gen Lavi Etènèl, men lè Sentespri a vini Se Lavi Etènèl. Ou kontinye kwè jiskaske . . . Ou te vin pitit Lespri a pa sanktifikasyon, men ou pa t janm ne pa Lespri jiskaske Sentespri a te antre. Sa kòrèk. Yon ti bebe gen lavi nan vant manman an, ti misk yo ap bouje; se yon vi. Men se yon vi diferan lè l ap respire souf lavi a nan twou nen l yo. Se youn ki diferan. Se sa sa ye, se . . .

42 Chè frè Metodis mwen, epi Peleren Sentete, ak Nazareyen, batèm Sentespri a diferan de sanktifikasyon. Sanktifikasyon se pirifikasyon, ki se preparasyon pou Lavi. Men lè Sentespri a vini, Se Lavi. Preparasyon se netwaye veso a; Sentespri a se ranpli veso a. *Sanktifikasyon* vle di “netwaye epi mete apa pou fè sèvis.” Sentespri a se mete l nan sèvis. Ou se veso ke Bondye netwaye a.

43 E nou reyalize ke Sentespri a se Bondye Limenm nan ou. Bondye te anlè tèt ou nan Kolòn Dife a avèk Moyiz. Bondye te avè w nan Jezikri. Kounye a Bondye nan ou nan Sentespri a. Pa gen twa dye, se yon Bondye k ap travay nan twa fonksyon.

44 Bondye ki ap desann, ap desann soti anlè tèt lòm. Li pa t ka manyen L, paskè l te peche nan jaden Dedenn lan epi li te separe tèt li de fratènite Li. Alò kisa k te rive? Li te dwe pi wo pase lòm. San towò bèf ak bouk kabrit pa t ap pèmèt Li fratènize avèk lòm ankò; men atravè lwa ak òdonans yo, ki pèfigire tan k ap vini an, nan ofrann towò, e latrize, ak mouton . . . Alò lè Bondye te desann



pou abite nan yon kò sanktifye, ne de yon fanm vyèj, ke Bondye Limenm . . . Ou konn kisa Bondye te fè? Li—Li pa t fè anyen ke jis . . . Li te plase Tant Li nan mitan pa nou yo. Bondye te abite nan yon Tant ki te rele Jezikri. Li te jis monte Tant Li avèk nou, te vin . . . (M pral—preche sou sa nan maten, kifè m ta fè mye kite sa trankil.) Kounye a, se—fason Bondye te fè tant-oswa te abite avèk nou . . .

<sup>45</sup> E kounye a Bondye nan nou. Jezi te di nan Jan 14: “Nan jou sa nou va konnen ke M nan Papa a, Papa a nan Mwen, e Mwen nan nou, e nou nan Mwen.” Bondye nan nou. Pou ki bi? Pou akonpli plan Li.

<sup>46</sup> Bondye te gen yon plan. Li te vle travay pami lòm, e Li te devwale sa nan Kolòn Dife a, ki te Dife mistik ki te rete sispann sou timoun Izrayèl yo. Apresa menm Dife sa te manifeste nan kò Jezi. E Li di ke L te Dife sa, “Anvan Abraham te egziste, MWEN SE.” Li te Dife sa. Li di, “Mwen soti nan Bondye, e m ap retounen al jwenn Bondye.” E apre lanmò, antèman, ak rezirèksyon L, Sen Pòl te rankontre L sou wout la—lè non l se te toujou Sòl—sou wout Damas la, e ke Limenm te retounen Kolòn Dife sa a ankò. Yon Limyè te avegle je l. Se vre.

<sup>47</sup> E men Li jodi a, menm Kolòn Dife a, menm Bondye k ap fè menm siy yo, menm zèv yo. Poukisa? L ap travay nan mitan pèp Li. Li nan nou. Mwen . . . Li avèk nou kounye a, “men M ap nan nou. M ap avèk nou, menm nan nou, jouk nan fen konsomasyon an,” fen mond lan. Li t ap avèk nou.

<sup>48</sup> Kounye a, remake. Jezi te komisyon yo pou monte Jerizalèm epi ret tann. Mo *pasyans* sa vle di “tann,” li pa vle di priye, li vle di “tann.” Yo potko moun ki te fèt pou preche ankò, paske yo te sèlman konn rezirèksyon L atravè Pèsòn Li, lè yo te wè L soti deyò. Li—Li te rekòmande yo pou yo sispann preche, pou yo pa t fè anyen jouk yo te dabò resevwa Pwisans ki sot anwo a.

Mwen pa kwè ke Bondye voye okenn predikatè oswa ka fè òdone kòrèkteman . . . Paske Bondye enfini. E sa Bondye fè yon fwa, Li fè l tout tan. Kounye a, si Bondye pa t ap kite yo preche jiskaske yo te rive nan Pannkot pou resevwa eksperyans Pannkotis la, okenn moun, sòf si se dezi pwofon pa l oswa yon òganizasyon ki komisyon l, pa gen dwa pase deyò yon chè toutotan l pa ranpli ak Sentespri a. Se egzaktèman sa. Paske l ap kondui yo ak yon konsepsyon entelektyèl kèk òganizasyon jiskaske l ranpli ak Sentespri a; epi lè sa, l ap ba yo manje kolonb lan; *Ayo a ak Kolonb lan*, jan nou te pale yè swa a.

<sup>49</sup> Kounye a remake. Li te di, “Monte Jerizalèm epi rete la; jis ret tann la jiskaske M voye pwomès Papa a.” E apresa, kisa yo te fè? Yo te sanven, gason kou fi. Yo t al nan yon chanm anwo tanp lan.

Kounye a, yo t ap pwoche jou Fèt Pannkòt la, kòmanse pa pirifikasyon sanktyè a, sakrifis Ayo Paskal la jouk—jouk vini

Pannkot la, ki te premye fwi rekòt la, jibile a, jibile Pannkotis la. Epi sou bilding yo . . .

<sup>50</sup> Kounye a, m te vizite peyi sa yo. Peyi oryantal sa yo gen raman yon eskalye pa anndan. Mach eskalye a te sou deyò. Deyò tanp lan, yo te di nou, te gen yon mach eskalye ki te mennen nan yon ti chanm pi lwen anwo a; ap monte, anwo, epi anwo, jouk ou rive nan yon ti chanm anwo a la, tankou yon chanm depo anlè tèt tanp lan, on sòt de ti chanm, yon chanmòt. E Bib la di ke yo te anndan la e pòt yo te fèmen, paske yo te pè Jwif yo, paske yo te mete yo apa poutèt yo t ap adore Seyè Jezi a, apre ke Kayif gran prèt la, epi Pons Pilat, ak lòt yo te fin touye L. Kifè yo ta pral debarase yo de tout swadizan Kreyen yo. Epi pòt yo te fèmen, e yo t ap tann.

<sup>51</sup> Bon, nan chanm sa yo tankou sa, pa gen ankenn fenèt. Fenèt yo se te ti espès de griyaj bare, ke yo te konn rale pou louvri. Nan chanm sa yo konn gen ti lanp lwil ki pandye e limen . . . Si w te janm al Kalifòni nan Kafeterya Clifton, pou w desann nan sousòl la, epi jwenn youn nan menm espès, ak chanmòt la. Èske w te janm al la? Konbyen moun isi a ki te al la? Mwen wè moun ki sekwe tèt yo. Ebyen, nou konn de kisa m ap pale a. Dakò. Desann anba la, e ou va wè Jaden Jetsemane a; anvan w fè sa, ou va antre nan youn nan chanm oryantal sa yo. Sa se egzakteman laverite. La w ap jwenn yon ti lanp plen ak lwil doliv ak yon ti mèch an lenn ladann, k ap brile.

<sup>52</sup> Bon, annou di yo te anwo la, ap monte toutotou sou bagay sa a deyò a. Yo te monte la epi yo t al kache, paske yo te pè Jwif yo. Jezi pa t di yo pou yo al nan chanmòt la. Li te jis di, “Tann nan Jerizalèm.” Yo te anba a la nan yon kay, li te difisil pou di sa k ta pral rive. Si yo t ap antre epi vin pran yo. Kifè yo t al nan yon vyek ti chanm anwo mach eskalye a, anwo nèt la nan galata a, epi la, yo te klete chanm nan konsa Jwif yo pa t ka antre pran yo. Epi yo te rete la ap tann depi di jou.

<sup>53</sup> Bon kounye a, nou nan Ak 1. Bon, koute byen kounye a. Ou sezi imaj la? Deyò bilding lan ti mach eskalye a te pèmèt ou monte, e yo te antre nan ti chanm sa. Anba a nan tanp lan yo t ap fete Fèt Pannkot la. Oo, se te yon gran moman ki t ap dewoule. Kounye a, lè jou Pannkot la te rive tout bon, yo tout te gen yon sèl panse, yon sèl panse, pou kwè ke Bondye ta pral voye pwomès sa. Kite chak moun isi a vin gen menm panse sa aswè a epi gade kisa k ap rive. Sa dwe repete. Se yon pwomès jis menm jan yo te genyen an. Ou wè?

<sup>54</sup> Kisa yo t ap fè? Swiv enstriksyon yo, swiv lwa Bondye yo—yo—yo: “Tann jiskaskè . . .”

<sup>55</sup> Kounye a, yo te pè Jwif yo. Bon, sonje sa. Yo te pè Jwif yo. Ebyen, bripsoukou te gen yon son tankou yon van vyolan. Li pa t yon van vyolan; se te tankou yon van vyolan. Mwen pral li kòmantè yo jis nan kèk minit sou tradiktè a. Se te tankou yon

van vyolan. Nan lòt mo, se te yon van sinatirèl (oo!), yon bagay yo te ka santi. Van an te anndan yo. Yon—yon van vyolan vini, tankou yon van vyolan. Van an pa t ap presipite, men li te jis sonnen tankou yon van vyolan, tankou yon bagay ki t ap pase: Wouw! Èske w te janm santi l? Oo, la la! Tankou yon van vyolan. Kounye a gade. E li te ranpli. . . Kounye a, li te di la a “tout,” men nan lang Grèk la sa di “an Antye (Majiskil A-n-t-y-e), Tout Kay la nèt,” toupatou anndan an. Chak fant, chak kwen, ak chak ti twou te sanble yo ranpli ak sa. Pa pou ap di, “Koute, Frè yo, èske nou santi sa m santi a?” Non! Sa te toupatou, tankou yon van vyolan. Kounye a gade. “Te gen yon son ki te vini tankou yon van pwisan e (konjonksyon. Kounye a siveye e sa yo. Si w pa fè sa, w ap fè L di yon bagay Li pa di. Ou wè?)—e tankou (se sa ki te rive an premye se te yon son, yon bagay tankou yon—yon van vyolan te vin sou yo)—epi (nou sonje, yè swa M te ale nan makèt la epi m te achte yon pen ak vyann. Sa se yon bagay ki te vin avè l. Pen an se yon bagay, vyann lan se yon lòt. E son an se te yon bagay ki te frape yo)—e la te parèt devan yo, (devan yo) fòm lang—fòm lang ki te separe.”

<sup>56</sup> Èske gen yon moun isi a ki te janm wè *Dis Kòmmandman* Cecil DeMille lan? Èske w te remake lè yo t ap ekri *Kòmmandman* yo? Kijan l te fè sezi sa, m pa konnen. Te gen de ou twa bagay ke m te wè ladann ke m te vrèman renmen. Premye bagay se limyè emwòd sa, se egzaktman a sa Li sanble. Ou wè? Yon lòt bagay se lè yo t ap ekri *Kòmmandman* an, epi apre sa te fini, èske w te remake apati de gwo Kolòn Dife kisa ki t ap vòltije, te gen ti fòm flanm dife ki t ap vòltije ale? Èske w te remake sa? Kounye a, se konsa m panse ke sa te ye jou Pannkot la. La te parèt devan yo. . . Kifè yo te ka wè L. Sa pa t di: “La sa te tonbe sou yo.” Men la sa te parèt devan yo flanm (n ap rele l), lang, tankou lang lang sa la, fòm lang, flanm dife. Kounye a, zòrèy—jan m te di a, zòrèy se zòrèy; dwèt se dwèt. Dwèt pa vle di ou te santi l; sa vle di li te sanble ak yon dwèt. E si se te yon zòrèy, sa pa vle di yo te tande l; li te sanble ak yon zòrèy. Sa a se te dife ki te sanble ak yon lang, pa yon moun ki t ap pale, yon dife ki te sanble ak yon lang.

<sup>57</sup> Kounye a, tande. Gad kijan Grèk la li l la a:

*Epi toudenkou te gen yon son ki te fèt. . . tankou yon gwo van pwisan. . . (twazyèm—3yèm vèsè a.)*

Epi te gen lang separe ki *te parèt* devan yo, . . . (Se pa t lang separe ki te nan yo, oswa ke yo t ap pale ak yon lang separe; se te yon lang separe ki te parèt devan yo. Kounye a, obsève. Li potko sou yo ankò. Li la nan chanm lan, k ap vire an won tankou van sa a.) . . . pou yo. . . *tankou. . . dife. . . lang ki separe. . . te parèt devan yo. . .* (sa te devan yo) *tankou. . . dife*, (lang tankou dife) *epi* youn (sengilye) te poze sou *chak* nan yo. (pa ke l te antre nan yo; men li te poze sou yo.)

58 Kounye a, gad kijan vèsyon Wa Jak la te pase akote sa: “Epi lang fann vin sou yo, oswa te poze (kijan yo li sa nan vèsyon Wa Jak la?) te chita sou yo.” Ou wè? Kounye a, li pa t ka monte la epi chita. Nou konn sa. Men vèsyon orijinal la te di, “Li te poze sou yo,” mwen kwè; èske se pa sa? Kite m pran l egzaktman vrè a. Ya! “. . . poze sou yo chak.” Yon lang dife te poze sou yo chak. Ou wè la? Èske w sezi l? Se dezyèm bagay ki te rive. Dabò se te yon van, answit lang dife ki te parèt.

59 Se te nan ti chanm sa a la ak ti lanp lwil sa yo ki t ap limen. Pouse a yomenm ki te rete la. Epi youn di, “Oo!” Li te gade toutotou bilding lan; sa te toupatou nan bilding lan. Lè sa yo di, “Gade!” Lang dife te kòmanse ap vini arebò bilding lan. Kounye a gade byen. Epi lang dife sa yo te parèt.

Kounye a siveye pwochen bagay la:

*E (Yon lòt konjonksyon; yon lòt bagay te rive.) yo tout te ranpli ak Sentespri a, . . . (Dezyèm bagay ki te rive.)*

60 Kounye a ou wè, nou vle chanje sa pou ap di, “Yo te gen lang dife, epi ap depale nan viwonn lan; epi apres a yo te soti pou kòmanse ap pale nan yon lang enkoni.” Pa gen bagay konsa nan Lèzekriti, zanmi. Nenpòt moun k ap pale nan yon lang enkoni lè l resevwa Sentespri a fè sa ki kontrè ak Bib la. E mwen pral montre w nan kèk minit epi pwouve w ke m kwè nan pale nan lang enkoni, men pa ke w resevwa Sentespri a. Se yon don Sentespri a. Sentespri a se yon Lespri.

61 Kounye a gade. Lang sa yo te nan chanm lan tankou dife, e sa te poze sou yo chak. Answit yo te ranpli ak Sentespri a (dezyèm bagay la), epitou, apre yo te fin ranpli ak Sentespri, yo te pale an lang, pa an lang, men nan langaj. Èske w te remake sa? Yo te kòmanse pale lòt langaj dapre jan Lespri a te fè yo eksprime yo. Kidonk, bwi sa te ale byen lwen.

62 Bon gade. Kounye a, annou pran egzamp lan ankò konsa w pa p bliye l la. Dapre Lekriti, nan chanm wot la yo te an atant, toudenkou yon son tankou yon van vyolan, ki te sou yo; se te Sentespri a. Konbyen moun ki kwè ke se te manifestasyon Sentespri a? Tankou yon van, yon van sinatirèl. Yo te remake lè sa a. Epi anndan la te gen ti lang dife, te gen sanven, epi yo te kòmanse enstale yo pou al poze sou yo chak. Kisa sa te ye? Kisa sa te ye? Kolòn Dife a, ki te Bondye Limenm ki t ap separe Tèt Li pami pèp Li, ki t ap antre nan moun yo. Jezi te posede tout bagay la nèt; Li te gen Lespri a san mezi; nou genyen L ak mezi (Nou wè sa m vle di?), paske nou se pitit ki adopte. Lavi Li—Lavi Etènèl Li a t ap antre. Kounye a, kisa k te pase? Lè sa yo tout te ranpli ak Sentespri.

63 Kounye a, mwen vle mande w yon bagay. Ki lè rimè a te kòmanse? Si yo te oblije soti nan chanm wot sa a pou desann mach yo epi antre nan lakou palè a—oswa nan—nan lakou tanp lan, ki te petèt yon bout kafou de kote yo te ye a, monte desann

mach eskalye yo, deyò a nan lakou kote tout moun yo te konn rasanble ansanm. . . Epi yo te soti la tankou moun ki sou ak Lespri a. Paske moun yo te di, “Mesye sa yo ranpli ak diven fre.” Yo pa t janm wè anyen konsa.

64 E chak moun t ap eseye di, “Sentespri a vini. Pwomès Bondye a sou mwen. Mwen—mwen te ranpli ak Lespri.” E limenm ki te yon moun peyi Galile, yon Arab oswa yon moun peyi Pès, li t ap tandè nan pwòp lang li.

65 “Kijan nou fè tandè (pa yon lang enkonni)—kouman nou fè tandè chak moun nan lang kote n te fèt la? Èske tout moun k ap pale sa yo pa moun peyi Galile?” E petèt yo t ap pale Galileyen. . . Men lè yo te tandè yo, se te nan lang matènèl yo. Si se pa sa, mwen vle w mande m—reponn mwen kesyon sa a: Kijan Pyè te fè monte la pou pale Galileyen, epi tout gwoup la te tandè sa l t ap di a? Twa mil nanm te vin a Kris la menm e Pyè t ap pale nan yon sèl langaj. Sèten! Se te Bondye ki t ap fè yon mirak. Pyè, pou menm oditwa a ki se te abitan Mezopotami, epi etranje, ak pwozelit, epi tout lòt ki soti toupatou nan lemond antye te kanpe la. . . Epi Pyè te kanpe pou l ap preche nan yon sèl lang, epi tout moun te ka tandè l, pandan ke twa mil te repanti epi yo te batize nan Non Jezikri touswit. Kouman sa?

66 Ou wè, zanmi, mwen pa atann mwen ke frè mwen, nan denominasyon Pannkotis ap aksepte sa kounye a menm. Men chache sa nan Bib la epi fè m konnen nenpòt kilè a kote yo te janm resevwa Sentespri pou ap pale nan yon lang ke yo pa t konnen sa yo t ap di a. È si se fason sa a yo te resevwa L la, Bondye souvren an. . . Sa dwe rive chak fwa menm fason an.

67 Kounye a, m pa ka. . . Bon, kay Corne- . . . Nou sonje, lè nou te desann anba a nan Samari, yè swa, nou te jwenn ke pa t gen okenn bagay ki te rapòte osijè de yomenm ki t ap tandè nan okenn lòt lang, pa gen anyen ki te di sou sa. Men lè yo t al kay Kòney, kote te gen twa pèp ak diferan nasyonalite, yo te pale an lang. E lè yo te fè sa, si yo te fè l, yo te resevwa L, Pyè te di, menm fason yo te resevwa L nan kòmansman an. E yo te konnen Moun lòt Nasyon yo te resevwa gras ki vin de Bondye a, paske yo te resevwa Sentespri a jis tankou yo te resevwa L nan kòmansman an. Mwen gen yon kesyon la, yon bagay sou sa nan kèk minit. Mwen te vle poze fondasyon an, konsa ou va wè kisa l ye.

68 Kounye a, mwen pa atann ke moun ki te anseye diferan yo. . . Epi koute m, chè, presye, frè Pannkotis mwen yo. Mwen pa t ap anseye sa a deyò. Sa a se. . . Mwen pa t ap fè anyen pou koze konfli. Men si nou pa gen Laverite, ki lè n ap kòmansè? Nou dwe gen yon bagay k ap rive la pou drese nou. Nou dwe jwenn gras anlèyman an la kounye a. Verite a dwe soti.

69 Kisa yon nonm ta fè si l te soud, epi bèbè, epi pa t ka pale ditou? Èske l te ka resevwa Sentespri a? E si l pa t gen okenn lang pou kòmansè, e pòv kanmarad la te vle sove? Ou wè? Se

Sentespri a, se yon batèm. E alò, tout don sa yo tankou pale an lang, entèpretasyon lang yo, se apre ou fin antre nan Kò a pa batèm Sentespri a. Paske don sa yo nan Kò Kris la.

<sup>70</sup> Bon, rezon ki fè m di . . . Kounye a, gade la. Èske w ka espere legliz Katolik, ki te premye legliz òganize nan mond lan apre apot yo . . . Alò legliz Katolik te òganize, oo, plizyè santèn lane apre lanmò dènye apot la, apeprè sisan e—dèzane apre apot yo, jis apre Konsèy Nise a, lè prèt Niseyen yo te rasanble ansanm epi te òganize yo; alò yo te tabli legliz inivèsèl la, ki te legliz Katolik. La a yo te fòme yon legliz mondyal. E mo *katolik* la vle di “inivèsèl”; ki toupatou. Yo . . . Wòmèn—Wòm payen an te konvèti an Wòm ak pap. Epi yo te tabli yon pap kòm chèf pou ranplase Pyè, ke yo te panse epi di ke Jezi te bay kle Wayòm lan. Epi pap sa te enfayib, e li toujou sa jodi a pou legliz Katolik. Ke . . . Pawòl li se lalwa ak lòd. Li se pap enfayib la. Sa te pouswiv kous li.

<sup>71</sup> E lè sa a, poutèt yo pat dakò ak doktrin Katolik sa a, yo te touye yo, boule yo sou poto, ak tout lòt bagay. Nou tout konnen atravè ekriti sakre Josephus yo, ak *Liv Moun Matirize Fox la*, ak anpil nan lòt liv sakre . . . *De Babilòn* Hislop yo, ak—gran istwa yo. Alò, li—apre mil senksan lane, jan nou konnen an, nan Aj Tenèb yo, yo te retire Bib la nan men moun yo. E Se te—yon ti mwàn ki te sere L, ak bagay konsa, dapre sa nou konprann.

<sup>72</sup> Answit apre sa vin gen premye Refòm lan, ki te Martin Luther. E li te soti pou di ke kominyon ke Katolik yo te rele kò a—veritab kò Kris la, li te sèlman reprezante kò Kris la. Epi li te jete kominyon an sou ranp lotèl la, oswa sou mach eskalye yo, e li te refize rele l veritab kò Kris la, e li te preche, “Jis la va viv pa lafwa.” Kounye a, ou pa ka atann ou ke legliz Katolik tonbe dakò avè l, sètènman pa, lè chèf enfayib yo a di yo se non. Dakò.

<sup>73</sup> Answit apre Martin Luther, t ap preche Jistifikasyon, John Wesley te vini pou ap preche Sanktifikasyon. E li te preche ke yon nonm, apre l te fin jistifye (se kòrèk) men ou dwe sanktifye, pirifye, rasin mal la soti nan ou ak San Jezi. Kounye a, ou pa ka atann pou Literyen yo preche Santifikasyon, paske yo pap fè l.

<sup>74</sup> Apre Wesley te preche Sanktifikasyon, ak anpil ti mankman ladan l, ki te vin bay, Metodis Wesleyen yo, ak Nazareyen yo, e latrize, ki te kenbe dife a limen pandan tout aj yo a, apre sa Lapannkot te rive epi l te di, “Ebyen, Sentespri a se batèm lan, e nou pale an lang lè nou resevwa L.” Se sètèn. Alò lè sa te vini, ou pa t ka atann pou Nazareyen yo, ak Metodis Wesleyen yo, e latrize pou kwè sa. Yo pa t ap fè l. Yo te rele l dyab la. Dakò. Kisa k te pase? Yo te kòmanse tonbe; Lapannkot te kòmanse ap monte. Kounye a li te elve nan yon pwen jouk Pannkot la te jwenn sekous li. Li te òganize e li te deraye, li pa t aksepte anyen lòt. Yo gen pwòp règ ak règleman yo, epi se regle.

<sup>75</sup> Ebyen, lè Sentespri a te vini epi revele Verite sou nenpòt bagay la pou pwouve sa pa pwòp Prezans Li ak Pawòl Li, ou

pa ka atann moun Pannkotis yo di, “M ap dakò ak sa.” Ou dwe kanpe poukont ou tankou Luther te fè, tankou Wesley te fè, e tankou rès lòt yo te fè. Ou dwe kanpe sou sa paske lè a rive. E se sa ki rann mwen yon ti kana pa janti. Se sa ki rann mwen diferan.

<sup>76</sup> E m pa t ka kòmanse tankou presye Frè m Oral Roberts, ak Tommy Osborn, Tommy Hicks, ak lòt yo, paske legliz yo p ap dakò avè m. Yo di, “Li kwè nan sekirite Etènèl. Li se yon Batis. Li pa kwè nan pale an lang kòm premye prèv Sentespri a. Elwaye w de nonm sa!” Ou wè?

<sup>77</sup> Men vin fas pou fas ak sa. Fè fas avè l. Yo ka fè fas a Literyen yo, Metodis yo—yo kapab. Pannkotis la ka fè fas a Metodis la. Mwen ka fè fas a Pannkotis yo avèk sa. Se egzakteman sa. Se vre. Poukisa? N ap mache nan Limyè a menm jan L nan Limyè a. Ou wè? N ap avanse sou Gran wout Wa a, e plis sa sot lwen, plis gen gras ki bay, plis gen pouvwa ki bay, plis gen sinatirèl ki bay. Men bagay la. Sa a se moman kote Sentespri a desann sou fòm yon Limyè tankou L te ye nan kòmansman an, yon Kolòn Dife, e L te manifeste Limenm, ap fè menm bagay yo ke L te fè lè L te isit sou tè a. E Jezi di, “Kijan nou fè konnen si yo gen rezon ou pa? Ak fwi yo w ap konnen yo. Sila ki kwè nan Mwen an, zèw ke M fè yo li va fè yo tou. Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.”

<sup>78</sup> Kounye a, frè Pannkotis mwen yo. Mwen avèk nou. Mwen se youn nan nou. Mwen te jwenn Sentespri a. Mwen te pale an lang, men mwen pa t pran sa pou resevwa Sentespri a. mwen te resevwa batèm Sentespri a; m te pale an lang, m te pwofetize, m te gen don konesans, sajès, entèpretasyon, ak tout bagay k ap rive. Men mwen ekspoze a nenpòt nan bagay sa yo, paske kounye a mwen se yon pitit Bondye. Pouvwa a, Dife Bondye a nan nanm mwen; lang Dife sa ki te poze a—te vin anndan m epi te boule tout bagay ki te kontrè a Bondye, e kounye a se Lespri Li k ap kondwi m. Li ka di: “Ale *isit la*,” e m prale. “Ale *la a*,” m prale. “Pale *isit la*,” m ap pale. “Epi fè *sesi, sela*, ak se *lòtbò*.” Men ni, jis tankou. . . Ou kondwi pa Lespri a. Sa se Bondye nan ou, k ap opere volonte L. Kèlkeswa sa l ye a, L ap opere volonte L.

<sup>79</sup> Kounye a, koute. Kite m wè si m ka li la anvan nou kòmanse kesyon sou leksik la la. Kounye a, apati de Tradiksyon Vatikan an, Volim 7, 190—1205:

“Li difisil pou detèmine si se te vwa moun sa yo ki t ap pale nan yon lang etranje; oswa rapò oubyen rimè sou operasyon van vyolan sinatirèl la ki te eksite foul la.”

Yo pat ka konprann sa. Kounye a gade. Kit se te moun yo. . .

<sup>80</sup> M ap jis klarifye. Men yon bann Galileyen pòv, an ranyon. Epi men yo deyò a la nan lari a. Yo pat janm wè anyen konsa: ak men yo leve anlè, yo te soti nan chanm wot sa a, yo te desann mach yo, pou vin la, senpleman ranpli; yo potko janm pale ankò. Ou wè? Men yo k ap pase la. E la, ann di, yo te deyò la ap kilbite

nan bagay sa. Epi moun yo di . . . Yon Grèk kouri vin jwenn mwen epi, ann di ke, m pale Galileyen.

Ou kouri al jwenn li pou di, “E ki pwoblèm ou, Gason m?”

<sup>81</sup> “Mwen ranpli ak Sentespri a. Pwisans Bondye a te tonbe la nan sal sa. Yon bagay te rive m. O, glwa pou Bondye!”

Epi yon lòt bò isi a, li t ap pale ak yon Arab, e limenm yon Galileyen ki t ap di an Arab—lang Arab.

<sup>82</sup> Kounye a, yo pa ka di, èske se van vyolan an ki te atire moun yo ansanm lè foul la te rasanble a, oswa èske se te pale nan lang etranje ke yo t ap pale a? Bon, Bib la pa egzaktaman . . . Ou gen de bagay ou ka gade. Se te ke . . . E—etranje a te di, “Kijan nou fè tande chak moun nan pwòp lang matènèl nou?” Li pa t di ke yo t ap pale l, men yo t ap tande l.

<sup>83</sup> Alò ke se menm gwoup la, menm moun yo, eksplike sa a. Pyè vole monte sou yon bagay epi l di, “Nou menm mesye Galileen yo, e noumenm ki rete nan Jerizalèm, se pou nou konn sa (moun yo di yo pa t pale lang Galileen an) se pou nou konn sa epi koute pawòl mwen yo (nan ki—ki lang li t ap pale, ak yo tout?); enben, moun sa yo pa sou jan nou sipoze a, etan done ke se twazyèm lè nan jounen an, men sa a se te sa ke pwofèt Jowèl te anonse a: ‘E sa va rive nan dènye jou yo, jan Bondye di a, Mwen va vide Lespri M sou tout chè. Pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize.’” Li t ap kontinye san rete, epi li di, “Nou menm ak men mechan nou yo nou te krisifye Pitit inosan Bondye a. David te pale de Li . . . ‘yo pa t ap kite nanm Li nan lanfè, ni Li pa t ap pèmèt Sen Li an wè kòripsyon.’” Epi li di, “Se pou nou konnen ke Bondye te fè menm Jezi sa a ke nou te krisifye a alafwa Seyè e Kris.” E lè yo te tande sa . . . Amèn! Kimoun? Chak moun anba syèl la. Kisa k t ap rive la? Li pa t ap di, “Bon, m ap pale Galileyen; M ap pale *sesi*; e m ap pale *sela* . . . ? . . .”

<sup>84</sup> Pandan Pyè t ap pwononse pawòl sa yo, yo te di, “Mesye frè n yo, kisa n ka fè pou nou sove?” E Pyè te ba yo resèt la. Se fason sa li toujou rive. Ou wè?

<sup>85</sup> Se yon pwogresyon, ap antre pi fon nan Bondye, ap mache toupren. Kouman w fè konnen? Ebyen kounye a, lè Luther te resevwa jistifikasyon an, li te rele sa Sentespri a. Se te sa. Bondye te anfonse Yon ti kras ladann. Apreza kisa L te di? Wesley te resevwa Sanktifikasyon an, e li te di, “Mezanmi, lè w rele fò, ou genyen L.” Men anpil nan yo te rele fò e yo pat genyen L. Lè Pannkotis yo te pale an lang—nan lang enkoni, yo te di, “Hey papa, ou genyen L.” Men anpil nan yo pat genyen L.

Pa gen bagay konsa menm tankou siy pou fè w konn sa. “Sèl fason pou konn yon pyebwa,” Jezi di, “se ak fwi ke l pote a,” zèv Lespri, fwi Lespri. Alò lè w wè yon moun ki ranpli ak pwisans, ki ranpli ak Sentespri, alò ou wè yon vi ki chanje. Ou wè siy sa yo k ap swiv sila yo ki kwè: “Nan Non Mwen yo va chase demon, pale nouvo lang. Si yon sèpan ta mòde yo, li p ap fè yo mal. Si yo



ta pran yon bagay ki pou ta touye yo, pou bwè, li pa t ap touye yo. Yo va poze men sou malad yo, e yo va geri.” O lala! Jan de siy sa yo swiv sila yo ki kwè. Men kijan w antre ladann? Don sa yo nan Kò a. Kijan w antre nan Kò a? Se pa nan chache yon fason pou antre; men se nan batize nan yon sèl Kò (Premye Korent 12:13). Nan yon sèl Lespri nou tout te batize nan Kò sa epi soumèt nou a tout don yo. Ke Seyè a beni nou.

<sup>86</sup> Kounye a, si yon moun ta tandè kasèt sa a oswa yon moun isit la ta an dezakò, sonje, fè sa ak jantiyès, frè, paske mwen renmen w.

**93. Premye kesyon aswè a: Frè Branham, mwen panse ke televizyon se yon malediksyon pou mond lan. Kisa w panse de sa?**

<sup>87</sup> Ebyen, kèlkeswa moun ki ekri l la, mwen pral dakò avè w. Yo fè l tounen yon malediksyon pou mond lan. Li ta ka yon benediksyon pou mond lan, men yo fè l tounen yon malediksyon. Pou tout bagay konsa, moun cheri m yo, sa depann de sa w ap gade oumenm. Si televizyon se yon malediksyon, alò jounal se yon malediksyon, alò radyo se yon malediksyon, e anpil fwa telefòn tou. Ou wè, ou wè, ou wè, ou wè? Sa depann de sa ou fè de li. Men jan frè a te di lòt jou swa a, pa gen preske ankenn pwogram nan televizyon ankò; sa se twòp lajan. Yon predikatè pòv k ap preche Levanzil Konplè a pa ka peye yon pwogram nan televizyon. Kidonk Se poutèt sa . . . Frè a te di lòt jou swa a, mwen kwè, yon kote, li te di: “Retire pousyè sou radyo w la,” oswa se pawòl yon moun, oswa, “Rale l soti nan nan kwen an epi koute pwogram sa yo.” Se vre.

<sup>88</sup> Men, zanmi mwen, kèlkeswa moun ou ye a, mwen sètènman dakò avèk ou. Sa vin youn nan bagay ki plis kondanab pou ras imen an. Se la a ke yo pran tout lajan sa yo isi a ki ta dwe al jwenn gouvènman an pou taks, pou detounen l nan fè reklam pou tout pwogram sigarèt ak wiski sa yo ak bagay konsa, epi retire l sou taks gouvènman an; epi apre sa yo te vin chache predikatè epi trennen yo devan tribinal pou jwenn yon ti kòb nan men yo. Mwen dakò avè w, se yon bagay terib. Kounye a, sa a se pa . . . Ou konnen, se jis yon bagay ou konstate. Mèsi, sè, frè, kèlkeswa moun ou ye a ki te mande sa a.

**94. Bon, men youn ki enteresan. Kesyon: Gen kote nan Bib la tankou Premye Samyèl 18:10, ki pale de yon move lespri ki vin de Bondye te fè kèk bagay. Mwen pa konprann yon “move lespri ki vin de Bondye.” Tanpri eksplike sa.**

<sup>89</sup> Bon, petèt avèk èd Seyè a, m ap kapab. Sa pa vle di ke Bondye se yon move Lespri. Men tout espri nenpòt bagay la soumèt a Bondye. E Li fè tout bagay mache dapre sa L vle. Ou wè?

<sup>90</sup> Kounye a, sou kesyon w lan, w ap pale de move lespri ki vin de Bondye pou toumante Sayil. Li te nan yon kondisyon akaryat, deprime—pa anfòm, paske, pou kòmanse, li te retwograde. E lè w

retwograde, yon move lespri—Bondye ap pèmèt yon move lespri toumante w.

<sup>91</sup> Mwen ta renmen li yon bagay pou nou nan—nan yon moman. Mwen te gen yon lòt lide sou sa la. Ou wè? Chak lespri dwe soumèt a Bondye. Èske w sonje lè Jozafa ak Akab ta pral nan lagè? E premye bagay w aprann, te gen yon—yo te tabli yo nan pötay yo. E Jozafa te yon nonm jis, e li te di (de wa yo te chita la, e yo te mete fös yo ansanm) e konsa li te di, “Annou konsilte Seyè a sou si n prale ou pa.”

<sup>92</sup> Epi Akab te ale e l te pran katsan pwofèt ke l te genyen, yo tout, li te nourri yo byen gra ak tout bagay; yo te byen anfòm. Epi yo te monte la, e yo tout te pwofetize nan yon sèl akò, pou di, “Ou mèt monte, e Bondye va ba w viktwa. Ou mèt monte Ramòt nan Galarad epi la Bondye va pran bagay la pou ou.” Youn nan yo te fabrike pou tèt pa l yon pè kòn e li te kòmanse ap kouri toupatou kòm yon egzant, li te di, “Ak kòn an fè sa yo, ou va chase yo nan peyi a; ki se pa w.”

<sup>93</sup> Men ou konnen, gen yon bagay konsènan yon òm de Dye ki jis pa t dakò ak tout bagay nèt. Ou wè? Si sa pa sonnen ak Ekriti a, gen yon bagay ki pa mache. Nenpòt vrè kwayan . . . Konsa Jozafa di, “Ebyen, katsan sa yo sanble yo kòrèk. Yo sanble bon moun.”

“Oo, se sa yo ye,” Akab dwe petèt te di sa.

Men Jozafa te mande, “Èske w pa gen youn an plis?” Poukisa youn ankò alòske w gen katsan ak yon sèl akò? Paske l te konnen te gen yon bagay ki jis pat sonnen byen. Ou wè?

Li te di, “Wi, nou gen youn ankò, pitit gason Imla a, anwo la,” te di, “men mwen rayi l.” Se sèten. Ou va fèmen legliz li nenpòt lè w kapab. Ou va mete l deyò nan peyi a. Ou wè? Se sèten. “Mwen rayi l.”

“Poukisa w rayi l?”

“Li toujou ap pwofetize sa k mal sou mwen.” Mwen kwè Jozafa te konnen nan moman sa ke te gen—yon bagay ki pa t kòrèk.

Alò li te di, “Monte al chache Miche.”

Alò yo te monte al dèyè l, e men li ki te desann . . . Konsa lè yo te monte, yo te voye yon mesaje pou di, “Kounye a, tann yon minit. Bon, yo te gen katsan Doktè an Divinite anba a la. Yo se meyè ki genyen nan peyi a, ak Doktora, Diplòm nan Lèt ak Literati, ak tout bagay.” Li te di, “Ebyen, ou konnen, oumenm pöv ti bonòm iletre, ou pa pral an dezakò ak tout klèje sa.”

<sup>94</sup> Imla te di on bagay konsa, oswa m vle di, Miche te di sa: “Mwen p ap di anyen toutotan Bondye pa mete l nan bouch mwen, e alò mwen va di egzaktman sa L di.” Mwen renmen sa. Mwen renmen sa. Nan lòt mo, “M ap rete ak Pawòl la.” Pe enpòt sa rès nan yo di. Li te di, “Ebyen,” li te di, “Kite m di w. Si w pa vle yo mete w deyò, ou ta fè mye di menm bagay la.”

Alò li te desann la. Epi l te di, “Èske m mèt monte?”

Li reponn, “Ou mèt ale.” Li di, “Ban m aswè a. Kite m pale sou sa ak Seyè a.” Mwen renmen sa. Kifè jou swa sa Seyè a te parèt a limenm, e nan demen li te ale. Epi l te di, alòske m t ap monte, li te di, “Ale non; men mwen te wè Izrayèl tankou mouton san bèje, gaye toupitou sou kolin yo.” O, lala! Sa te fè l pèdi sanfwa li.

Epi l te di, “Èske m pat di w? Mwen te konn sa. Se egzakteman fason sa li aji tout tan, ap di bagay mechan kont mwen.”

<sup>95</sup> Poukisa? Li t ap rete ak Pawòl la. Poukisa? Yon pwofèt anvan l, Pawòl Bondye a ki te vin de Eli, vrè pwofèt la, te di, “Paske w te fè koule san inosan Nabòt la, chen va niche san w tou.” E li te pwononse malè sou li. Elize t al fè wout li nan Syèl. Men li te konnen ke Elize te gen Pawòl Bondye a, kifè li te rete ak Pawòl la. M renmen sa. Rete ak Pawòl la.

<sup>96</sup> Si Bib la di Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan; pwisans Li toujou menm lan; Sentespri a se pou nenpòt moun ki vle, kite l vini, rete ak Pawòl la. Wi, mesye! Pe nenpòt sa rès yo di. Kèlkeswa jan yo te byen nourri e konbyen lekòl yo te pase, sa pa gen anyen pou wè ak sa.

Alò apre sa li di . . . Gwo gwo kanmarad sa a ak kòn sa yo sou tèt li a, li pral repouse sa—retire peyi a soti al lwen prezans wa a, li te avanse epi li te souflele l nan bouch (ti predikatè sa a). Li te konnen ke li te jis yon ti sen k ap manifeste alò pat gen anyen ki ta dwe di sou sa, kifè li te jis souflele l nan bouch. Li te di: “M vle mande w yon bagay.” Li te di: “Ki direksyon Lespri Bondye a te pran lè L te soti nan mwen si w te resevwa L?”

<sup>97</sup> Li te reponn, “Ou pral konprann lè w va chita nan kaj laba a antan ke prizonye.” Li te di, “Mwen te wè Bondye chita sou yon twòn (Amèn! Kounye a tande!), e lame Syèl la te rasanble bò kote L.” Kisa pwoblèm lan te ye? Pwofèt Li te deja di sa k ta pral rive Akab. Bondye . . . Se pat Eli ki te di sa; se te pwofèt wenn lan. Se te Pawòl Seyè a, ENSI DI SEYÈ A. Epi Miche te di, “M te wè tout lame Syèl la rasanble bò kote Bondye nan yon gwo konferans. Epi yo t ap pale youn ak lòt. Epi Seyè a te di, ‘Kimoun Nou ka voye anba a, kilès nan nou ki ka desann, pou twonpe Akab, pou fè l al laba a pou akonpli Pawòl Bondye a, pou fè yo blese l? Kimoun Nou ka jwenn pou al anba a?’”

<sup>98</sup> Ebyen, youn t ap di *sesi* youn oswa *sela* sa a. Epi apre yon ti tan, yon move lespri, yon lespri bay manti te soti pa anba pou di: “Si W jis pèmèt mwen. Mwen se yon lespri bay manti. M ap desann m ap antre nan tout predikatè sa yo, paske yo pa gen Sentespri a; epi m pral fè yo (yo se jis ti jenn gason ki resevwa fòmasyon lekòl)—epi m ap desann, epi antre nan yo chak, pou twonpe yo, epi fè yo pwofetize yon manti.” Èske l te di sa? Epi li te di, “Se fason sa a n ap sedui.” Konsa li te desann.

Li te di—Bondye te di, “Ou gen pèmisyon M pou ale.”

<sup>99</sup> Epi li te desann e l te antre nan fo pwofèt sa yo, nan lekòl fòmasyon ministè, e l te fè yo pwofetize yon manti. Se te yon lespri bay manti ki t ap travay pou volonte Bondye. Kite m . . . Jis yon lòt bagay ou ta ka wè la, jis yon minit. Gade sa a. Mwen vle w ale avè m nan Premye Korentyen chapit 5, premye vèsè a, jis yon minit. Premye Korentyen . . . Epi siveye sa a si w vle wè yon bagay, sou Bondye k ap fè yon bagay—jan movèz espri sa yo, kijan yo pral—yo pral antre annaksyon . . . Dakò, Pòl k ap pale:

*Yo rapòte souvan ke gen fònikasyon nan mitan nou, epi jan de fònikasyon sa yo ke yo pa . . . nonmen pami Moun lòt Nasyon yo, . . . (Kisa nou panse de sa nan mitan legliz la?) . . . ke yon moun ta pran madanm papa l.*

*Epi n ap bat lestomak nou, epi n pa gen . . . (Ann wè. Mwen kwè m vire de paj nan . . .) . . . Ou—E w ap bat lestomak ou, epi w pa pito ap kriye, sa . . . (Kounye a, tann yon minit la. Èske m . . . Ya, se kòrèk. Ya.) . . . ki nan lapenn . . . (Sa se.) . . . bat lestomak, e yo pa t . . . nan lapenn, pou ke sila ki te komèt zak sa a yo te ka retire l nan mitan nou.*

<sup>100</sup> Mwen pa konnen. Mwen pa kwè ke yon moun ta di l konsa oswa retranche, men m ap sèlman defann sa m kwè: Si yon nonm te ranpli ak Lespri yon fwa li paka pèdi L. Ou wè, ou wè?

*Paske anverite mwen, absan nan kò a, men prezan an espri, deja jije, kòm si mwen te prezan, konsenan sila ki te komèt zak sa a,*

*Nan non Seyè Jezikri nou an, lè nou rasanble ansanm, epi lespri m, avèk pwisans Seyè Jezikri a,*

*Pou livre yon tèl moun konsa bay Satan pou destriksyon lachè a, pou lespri a ka sove nan jou Seyè Jezi a.*

<sup>101</sup> Bondye, k ap pale ak Legliz ki sen an, ki se Kò Li isi a sou tè a, sa (ebyen, sa a se apre Ansyen Testaman an, nan Nouvo a) k ap pale de yon nonm ki te sitèlman souye degoutan nan mitan moun yo ke l t ap viv ak madanm pwòp papa l. Sa di, “Yon tèl bagay nan Kò Kris la . . . Ou menm, Legliz, livre l bay dyab la pou destriksyon . . .” Ou wè? Bondye pèmèt . . . E lè L gen yon bagay ke Li vle l fèt, pou met fwèt sou yon moun, Li va lage yon movèz espri deyè l pou yo toumante moun sa a epi—epi mennen l tounen. Kounye a, nou aprann ke nonm sa a apre . . .

<sup>102</sup> Se sa k pwoblèm lan ak legliz yo jodi a. Lè yon nonm antre nan Kò Kris la pou vin youn nan manm yo epi kòmanse ap fè sa ki mal, olye pou nou tout rasanble ansanm epi fè menm menm bagay sa a . . . E ou menm, Branham Tabènak, fè sa. Paske toutotan w ap tolere l, li anba San an. E li jis kontinye ap fè menm vye bagay la ankò e ankò e ankò tout tan. Nou rasanble ansanm

pou remèt li bay dyab la pou destriksyon chè a, pou ke lespri li—konsa—ka sove nan jou Seyè a. Epi obsève kout fwèt Bondye k ap fè efè. Obsève dyab la k ap met men sou li. Sa se yon movèz espri ki pran l.

<sup>103</sup> E ti jenn gason sa a la te redrese. Li te retounen. Nou jwenn nan Dezyèm Korentyen kote l te reyèlman pirifye devan Bondye.

<sup>104</sup> Gade Jòb, yon nonm pafè, yon nonm jis. E Bondye te pèmèt demon mechan atake l, epi pini l, ak tout lòt bagay pou pèfeksyone lespri li. Ou wè? Kifè movèz espri yo . . . Bondye itilize movèz espri yo anpil fwa pou akonpli plan L ak volonte L.

**95.** Kounye a, men youn ki se vrèman yon pikan. Kesyon (mwen kwè se menm moun lan, paske li sanble ak menm ekriti a):  
**Si yon moun dwe gen Sentespri a pou—gen Sentespri a pou l konvèti epi pou l ale nan anlèvman, kisa k pral sitiyasyon timoun ki te mouri anvan yo te atenn laj responsabiltè? E kilè y ap resisite?**

<sup>105</sup> Kounye a, frè m, sè mwen, m pa ka di w sa a. Pa gen okenn Ekriti sou sa nan Bib la ke m ka jwenn ankenm kote. Men mwen ka di sa m panse. Bon, sa ap fòtifye noumenm ki kwè nan gras Bondye. Ou wè, moun lan vle konnen (e sa se yon kesyon ki trè bon. Ou wè?) moun lan vle konnen kisa jan de rezirèksyon—kisa ki pral rive yon ti bebe, si l dwe gen Sentespri pou l ka ale nan Anlèvman . . . Jan m te di a, se annòd. Se dapre Bib la. Sa se ansèyman Lekriti. Pa pou—pa pou al nan Syèl . . . Paske moun ki ranpli ak Sentespri a se premye rezirèksyon an, Eli a. E rès sa yo . . . Rès mò yo pap viv pandan mil an. Apre Milenyòm lan, answit se dezyèm rezirèksyon an, jijman gran Twòn Blan an. Ou wè? Sa se egzaktman lòd Bib la. Men moun sa a vle konnen sa k ap rive a ti bebe sa yo. Yo . . . Nan lòt mo, èske yo te gen Sentespri a anvan yo te fèt? Èske yo te resevwa L? Bon, sa a m pa ka di w.

<sup>106</sup> Men kounye a, annou di konsa: Nou konnen ke ti bebe ki mouri yo, kèlkeswa kondisyon paran yo, yo sove. Bon, mwen pa dakò ak lekòl pwofèt yo sou sa. Yo te di si se te—li te mouri nan men yon paran ki te yon pechè, ti bebe sa a ta pral nan lanfè, pouri nèt; pa t ap gen anyen pou sa. Ebyen, Jezi . . . Jan te di lè Jezi te vini an, “Men Ayo Bondye a k ap retire peche mond lan.” E si bebe sa te yon èt imen, ki ta dwe vin anba jijman Bondye, epi Jezi te mouri pou retire peche a, tout peche te efase devan Bondye lè Jezi te mouri pou bi sa a. Peche w yo te padonnen. Peche m yo te padonnen. E sèl fason ke w ka janm jwenn padon se aksepte padon Li. Kounye a, ti bebe a pa ka aksepte padon pa l, kidonk li pa t fè anyen. Li pa t fè anyen ditou. Konsa li pa gen okenn anpechman pou al nan Syèl.

<sup>107</sup> Men ou va di, “Èske yo pral nan Anlèvman an?” Bon—Bon, sa a se pwòp pawòl mwen; sa se panse pa m kounye a. Pa . . . Mwen pa ka pwouve sa ak Bib la. Men gade. Si Bondye, anvan fondasyon mond lan, te konn tout èt imen ki t ap janm sou tè a . . .

Èske w kwè sa? Li te konn chak moustik, chak pis, chak mouch, Li te konn tout bagay ki t ap janm egziste sou tè a. Si Li te konnen ke . . .

<sup>108</sup> Gade. Ann pran pa egzanp, Moyiz. Lè Moyiz te fèt, li te yon pwofèt. Anvan Jeremi . . . Bondye te di Jeremi: “Avan w te menm fòme nan vant manman w, avan w te janm fòme nan vant li, M te konnen w, e m te sanktifye w, e m te òdone w yon pwofèt pou nasyon yo.” Jan Batis, sètisan douz lane anvan li te fèt, Ezayi te wè l nan yon vizyon, li di, “Li se vwa youn k ap rele nan dezè a.”

<sup>109</sup> Predestinasyon oswa presyans Bondye konn tout bagay sou ti bebe yo (ou wè?), kisa yo te gen pou fè. E Li te konnen yo t ap mouri. Li te konnen. Anyen pa ka rive san ke Bondye pa okouran de sa. Anyen pa ka rive . . . Jis tankou Bon Bèje a, ki jan Li antre . . . Kounye a, pou nou pran sa nan Lekriti, Mwen pa ka di ke Lekriti di *tèl e tèl bagay*. M jis pran l pou sa m panse.

**96.** Kounye a, pwochen kesyon an se youn mwen kwè ke petèt yon moun ki te la osijè de sa m te di lòt jou swa a. **Eksplike yon madanm k ap sove poutèt li ansent youn timoun.**

<sup>110</sup> Madanm lan pa sove poutèt l ap pòte yon timoun. Men ann ale kounye a nan Premye Timote 2:8 jis yon minit. E annou jis wè ki sa Bib la di konsènan timoun lan. Kounye a, mwen konsyan ke se yon doktrin Katolik, ke Katolik yo di ke fanm lan sove nan pòte timoun, nan ap pòte timoun. Men ann pa . . . Mwen pa kwè sa. Premye Timote chapit 2, epi ann kòmanse nan vèsè 8 la, pou li jis yon moman kounye a. Dakò, koute.

**Menm jan an tou, ke fanm nou yo abiye yo ak rad tou senp . . .** (Nou pa ta dwe ap mande sa, pa vre? Koute sa a.) . . . *ak pidè . . . (Fyou!) . . . ak moderasyon; pa nan cheve trese li, nan met lò, oswa pèl, oswa rad ki koute chè; (Frè m yo, m ap ede nou la a, mwen espere. Tout chapo nèf sa yo chak jou oswa chak twa jou. Ou wè? Sa pap fè w vin Kreyen.)*

*Men (ki vin fanm k ap fè pwofesyon sèvi Bondye) ak bon zèv.*

*Se pou fanm yo aprann an silans an tout soumisyon.*

*Men mwen pa pèmèt yon fanm anseye, oswa pran otorite sou . . . lòm, men pou . . . fè silans.*

*Paske Adan te fòme an premye, e ansuit Èv.*

*. . . Adan pa t sedui, men fanm lan poutèt ke l te sedui li te nan transgresyon an.*

*Toutfwa li va sove lè l fè pitit si . . . (Kounye a, li p ap pale ak fanm lemonn, k ap fè pitit.) . . . si l ap pèsèvere nan lafwa . . . (Ou wè? Si l ap pèsèvere. Li deja . . . Sa se fanm ke l ap pale de li a, fanm lan ki deja sove. Ou wè?) . . . epi charite ak sentete ak tout moderasyon.*

<sup>111</sup> Se pa paske l gen yon ti bebe ki fè l sove, men paske l ap elve timoun, l ap fè devwa li, pa si l ap elve chat, chen, ak lòt bagay ankò pou pran plas yon timoun, jan yo fè l jodi a, pou ba l lanmou yon manman konsa manzè ka soti al drive tout lannwit. Gen moun ki fè sa. Eskize m, men yo fè l. Sa se vrèman gwosye pou mwen pou m di, men laverite se laverite. Ou wè? Yo pa vle yon ti bebe pou mare pye yo avè l. Men pandan l ap fè pitit, si l kontinye nan lafwa, sentete, ak tout moderasyon, l ap sove. Men *si* an se, ou va sove tou, *si* ou ne de nouvo. Ou va ou ka geri *si* w kwè. Ou ka resevwa Sentespri a *si* w kwè Li, prepare w pou Li, *si* w prè pou Li. E manzè ap sove si l kontinye ap fè bagay sa yo (ou wè?), men pa paske l se yon fanm. Kidonk se kòrèk, frè, sè. Se pa yon ansèyman Katolik ditou. Kounye a mwen vle. . . Men yon lòt ki se youn ki boule anpil. Apresa nou gen youn an plis. Mwen kwè petèt nou gen tan pou li. Mwen te jis pran tout tan nou. Bon, sa se jis—sa se jis efè segondè revèy la. Sa a se efè segondè reyinyon an, kesyon sa yo.

**97. Kounye a: Frè Branham (li tape alamachin), èske se Eskriptirè pou yon moun pale an lang epi entèprete pwòp mesaj li? Si se sa, tanpri eksplike. Premye Korentyen oswa Korentyen 14:19 epi Korentyen 14:27 tou.**

<sup>112</sup> Dakò, ann al nan Ekriti sa a pou wè kisa l di. Epi lè sa n ap wè si n ap rete konfòm ak Ekriti sa. Nou vle toujou konfòm ak Lekriti. Epitou Korentyen 14. Bon, moun lan vle konnen si se selon Lekriti a pou yon moun entèprete pwòp mesaj li ke l te bay an lang. “Si se sa, eksplike Korentyen 14:19.” Ann wè, 14 epi 19 la. Dakò, men ni.

*Men nan legliz yo mwen. . . pito di senk mo ak konpreyansyon mwen, pou ke atravè vwa m mwen te ka anseye lòt yo tou, pase dimil. . . nan. . . lang enkonni.*

Kounye a, pwochen an se vèsè 27 la, yo vle konnen.

*Si yon nonm pale nan yon lang enkonni, ke li fè l a de, oswa nan. . . pa pi plis pase twa, epi chak moun tann tou pa l; epi kite youn entèprete.*

<sup>113</sup> Kounye a, mwen pran kote moun lan vle rive a (sa m vle a—mwen pral li yon bagay pou nou jis yon moman). Men m ap panse a kote frè oswa sè a ap eseye rive a, “Èske li kòrèk pou yon moun k ap pale an lang pou entèprete mesaj li te bay la tou?” Kounye a, chè bon zanmi mwen, si w jis li vèsè 13 la nan menm chapit la, li va di w:

*Se poutèt sa ke sila ki pale nan yon lang enkonni priye pou l ka entèprete.*

<sup>114</sup> Sèten. Li ka entèprete pwòp mesaj li. Kounye a, si nou jis. . . Ann jis. . . Ebyen, ou. . . Li tout nèt la a, epi ou ka wè Se. . . Jis li tout chapit sa. Sa trè byen, sa eksplike l.

115 Bon, pale an lang. . . Kounye a, pandan ke n sou sijè sa, epi sa a ap anrejistre, mwen vle di ke mwen kwè jis otan nan pale an lang ke m kwè nan gerizon Divin, epi batèm—batem Sentespri a, dezyèm Vini Kris la, ak pwisans mond ki gen pou vini an; Mwen kwè nan sa jis otan ke m kapab, men mwen kwè ke pale an lang gen plas li jis menm jan ke vini Kris gen plas li; gerizon Divin gen plas li; chak bagay gen plas li.

116 Kounye a, pou nou menm moun yo, m gen yon chans pou m di sa kounye a, e m ta renmen eksplike l. E si m fè yon moun mal, se pa entansyon m. Mwen pa vle lakòz konfizyon. Men tandè. Kisa ki te pwoblèm lan avèk pale nan lang enkoni ak moun Pannkotis yo (sa ke m ye mwenmenm; mwen se Pannkotis. Ou wè?). . . Kounye a, sa k te koze twoub lan se sa a: sè ke yo pat respekte l. Epi yon lòt bagay, yo jis te kite l fèt o aza. Yo pat retounen a Pawòl la.

117 Kounye a tandè. Men fason an—kite—men fason legliz la tabli. Bon, nan yon legliz Pannkotis, si m t ap kondui legliz sa a, m ap di w kijan m t ap tabli li (ou wè?), si m te—si m t ap isit la tout tan pou dirije li. Mwen t ap pèmèt tout don nan Bib la. M t ap mande kwayan yo dabò pou yo batize nan Sentespri a. E apres a, tout don Premye Korentyen 12 la ta dwe ap opere nan legliz mwen, si m te ka fè yo antre la a, tout kò a nèt ap opere.

118 Kounye a, si w remake. . . Se pa pou m fè remake kounye a. Epi sonje, mwen pa t ap di yon sèl mo ki kontrè—mwen ta ka blasfeme kont Sentespri a. E Bondye konnen m pa t ap di sa avèk foste. Ou wè? Men m sèlman di sa pou m eseye ba w pwennvi Ekriti a apre m te fin etidye l la pandan prèske ventan. M ap preche depi prèske trantan. E m te jis andire tout bagay, m jis reyisi soti; ou ka imajine kisa sa te ye. Epi avèk obsèvasyon chak moun, ak doktrin yo, atravè mond lan. E m te aksepte l paske se nan enterè m. Se enterè pou èt imen akote pwòp tèt mwen. Mwen dwe kite isit la. Ou dwe kite isit la. E si m kite kòm yon fo pwofèt, m ap pèdi pwòp nanm mwen ak nanm pa w avèk mwen. Kifè se plis ke—se plis ke pen kotidyen; se plis ke popilarite; se plis pase nenpòt lòt bagay; se Lavi pou mwen. Ou wè? E mwen vle toujou sensè ak tout kè m.

119 Bon, ou antre nan yon legliz Pannkotis, premye bagay la. . . (M pa vle di yo tout. Kèk nan yo se. . .) Anpil fwa ou antre nan yon legliz epi ou kòmanse preche; pandan w ap preche, yon moun va leve pou pale an lang. Bon, moun enpòtan sa ka pafètman ranpli ak Sentespri, e se petèt Sentespri a k ap pale atravè moun sa, men bagay la sè ke, yo pa antrene. Si ministè sou chè a ap pale sou enspirasyon, lespri pwofèt yo soumèt a pwofèt la. Ou wè? “Se pou tout bagay fèt. . .” Kounye a, jwenn la nan Pòl rezon kifè l di “lè youn ap pale,” e latriye. . . “kan l te rive, te jis gen konfizyon.”

120 Bon, m t ap fè yon apèl a lotèl, epi yon moun te leve pou pale an lang. Sa te jis. . . Ebyen, se ta mye pou w sispann fè apèl a lotèl



la. Sa mete fen a sa. Ou wè?

<sup>121</sup> Epi apres, yon lòt bagay. Anpil fwa moun leve pou pale an lang, epi moun chita ap moulen chiklèt, ap gade toupatou. Si Bondye ap pale, ret trankil, koute! Si sa se Laverite, si se Sentespri a k ap pale nan moun sa, ret trankil epi koute, gen respè. Entèpretasyon an ka vin a oumenm. Ou wè? Rete trankil; tandè entèpretasyon an. Kounye a, si pa gen okenn entèprèt nan legliz la, alò yo sipoze fè silans nan Kò a.

<sup>122</sup> E alò, lè y ap pale nan yon lang enkonni, Bib la di, ke yo pale pou tèt yo yomenm ak Bondye. Sila k ap pale nan yon lang enkonni ap edifye tèt li. Kounye a, sa a se lang enkonni; dyalèk, lang yo diferan. “Yo pa anyen,” li di. . . Men sa ki fè son gen yon siyifikasyon. Men oumenm. . . Si yon twonpèt sonnen, ou dwe konnen a kisa son an sanble ( . . . jis soufle l) osinon ou p ap konn kijan pou prepare w pou al batay. Si yon moun ap pale an lang, epi jis ap “klaksonnen”; se tou sa sa ka fè, kimoun ki konn kisa pou l fè. Men si l sonnen *revèy*, sa vle di “leve kanpe!” Si l sonnen *etenn* dife, sa vle di “kouche atè.” Ou wè? Si l sonnen *chaje* sa vle di “atake.” Li dwe bay yon siyifikasyon, epi pa jis sèlman ap pale. Kidonk nan legliz la, si pat gen okenn entèprèt, men ke la gen yon entèprèt, alò lang yo se bagay ki gen plas yo nan legliz.

<sup>123</sup> Bon, kesyon w lan, zanmi pa m, sa di, “Mwen ta pito pale senk mil. . . senk mo nan, e konsa moun yo ka konprann mwen olye senk mil (oswa kèlkeswa kantite sa di a) nan yon lang enkonni.” Se vre. Men ann kontinye li: “. . . sof pa revelasyon oswa pa entèpretasyon pou edifikasyon.” Ou wè? Pou edifye.

<sup>124</sup> Kounye a, m ap jis on ti jan ba w yon ti apèsi a sipoze ke—ke. . . Si m ta pral pastè legliz sa k ap vini, si Bondye ta rele m pou m pastè l, men fason m t ap dirije l: M t ap eseye jwenn chak moun ladann ki te gen yon don. E m t ap fè moun sa yo rankontre apeprè inèdtan anvan sèvis yo te menm kòmanse, nan yon chanm pou tèt pa yo. Kite yo rete anba Lespri. E premye bagay ou konnen, youn desann la a, li gen don pou l pale an lang. E li pale an lang. Tout moun ret trankil. Epi apres youn leve epi entèprete sa l di a. Kounye a, anvan ke w mennen sa bay legliz la, Bib la di li dwe jijje pa de ou twa temwen. Kounye a, sa dwe yon nonm ki gen disèneman lespri (ou wè?), paske anpil fwa pwisans malefik antre la. (Ou wè?) Pòl te pale de sa. Men alò, pwisans Bondye anndan la tou. Di m yon kongregasyon kote mal la pa tabli. Di m yon kote ke pitit Bondye yo rasanble ansanm ke Satan pa nan mitan yo. Se nan tout bagay. Kidonk pa fonsè sousi w sou sa. Ou wè? Satan toupatou. Kounye a, nou rive la. Yon moun pale an lang. Ebyen, gen twa ki chita la ki gen Lespri disèneman. E youn pale an lang epi bay yon mesaj. Kounye a, li pa dwe ap site Lekriti, paske Bondye pa sèvi ak repetisyon inital, e Li di nou pa fè sa. Ou wè? Kifè se pa sa. Se yon mesaj pou legliz.

<sup>125</sup> Nou te gen de bagay nan revèy sa jiska prezan. Gade kisa

yo chak te ye—pafè, byen vize. Ou wè? Li te antre an aksyon. Te gen yon nonm ki te leve, epi li te pale an lang, epi li te bay entèpretasyon an, epi li te retounen drèt la, pou konfime mesaj sa ki te fèk soti a. Lòt la te leve lòt jou swa a, epi l te di nan—sou enspirasyon pwofesi, epi l te di yon bagay: san konnen sa l t ap di a; epi nan fen an li te deklare, “Benediksyon pou sila ki vini nan Non Seyè a.” Byen vit yon bagay te sezi m byen vit pou di, “Nan lòt mo beni sila ki kwè ke sa a se Seyè a ki vini.”

<sup>126</sup> Gade entè—apresa Sentespri a te tonbe nan bilding lan yè swa. Ou wè? Sa se pou edifikasyon. Mwen te kanpe la ap eseye di moun yo ke yo dwe resevwa Sentespri a. Epi dyab la te vin bò kot moun yo, pou di, “Piga nou tande; fè silans.”

Sè m nan te di, “Bill, m te sitèlman kontan pandan w t ap preche a; mwen te santi tankou m te ka leve epi sote atravè miray la.”

Mwen te reponn, “Leve kanpe epi sote.” Se tou.

Epi manzè te di, “Men lè w al fè sa,” epi li te di, “moun yo te kòmanse ap rele fò,” li te di, “alò mwen te jis santi tankou m te yon vye tenten.”

<sup>127</sup> Mwen di, “Sa a se dyab la. Sa a se Satan. Lè l te antre pou fè sa,” mwen te di, “ou te dwe leve kanpe kanmenm.” Nou se sakrifikatè pou Bondye, k ap fè sakrifis—sakrifis espiritiyèl, fwi bouch nou k ap fè lwanj Non Li. Ou wè?

<sup>128</sup> Ebyen, kounye a, men sa k te pase. Sentespri a te pèse, paske se te jis. . . “Benediksyon pou sila ki kwè.” De, twa nwit drèt mwen t ap eseye layite sa anndan la; epi lè sa, Sentespri a te pale pou di (sou enspirasyon) te di, “Benediksyon pou sila ki vin nan Non Seyè a.” E anvan m te ka di yon bagay, mwen te fin di l. “Benediksyon pou sila ki kwè ke Seyè a te vini nan sa a.” Ou wè? E m te jis ap di sa, Sentespri a se Bondye Limenm nan nou. Ou wè? Epi yo te sezi l. Ou wè? E lè sa Sentespri a te tonbe nan mitan moun yo. Ou wè kijan Sa—Sa edifye, pwofetize?

<sup>129</sup> Kounye a, gen yon diferans ant pwofesi e yon pwofèt. Pwofesi sot nan youn al nan lòt, men yon pwofèt ne yon pwofèt depi nan bèso. Yo gen ENSI DI SEYÈ A! Pa gen jijman pou yo. Ou pa p wè yo kanpe devan Ezayi, oswa Jeremi, okenn nan pwofèt sa yo, paske yo te gen ENSI DI SEYÈ A! Men yon lespri pwofesi nan mitan pèp la; ou dwe siveye sa, paske Satan pral glise antre la. Ou wè? Bon. Men sa dwe jije.

<sup>130</sup> Kounye a, nou pral—nou pral gen yon revèy. Ebyen, siveye sa vrèman seryezman kounye a, nou menm minis yo. N ap prepare yon revèy. Dakò. Oswa petèt n ap jis gen yon sèvis legliz nòmal. Legliz la chofe. Li ta dwe konsa tout tan. Ebyen, petèt nou gen senk oswa sis moun ki gen don; youn ap pale an lang, de oswa twa petèt ap pale an lang, kat oswa senk an lang, ki gen don lang, pou ap pale nan lang enkonni. De ou twa nan yo ka entèprete. Petèt gen youn—de, oswa twa nan yo ki gen don sajès. Dakò. Yo tout

rankontre, moun ki gen don sa yo . . . Ou . . . Yo pa ba w don sa yo pou jwe avèk yo, pa pou ap di, “Glwa pou Bondye, m pale an lang! Alelouya!” Ou pral—w ap—w ap degrade tèt ou. Yo ba w yo, pou w travay avèk yo. E pati pa w la nan legliz la ta dwe vini anvan sèvis prensipal la kòmanse, paske sa k pa konn anyen yo pral nan mitan nou.

<sup>131</sup> Apresa ou soti nan pyès la, epi ou chita la, nou tout ansanm, paske n ap travay ansanm nan Levanjil la. Apresa ou rete la. “Seyè, èske gen yon bagay ke Ou vle nou konnen aswè a? Pale avèk nou, O Papa nou ki nan Syèl la,” ap ofri priyè, siplikasyon; chante kantik. Men Lespri a ki desann tou dwat, tonbe sou yon moun, ki pale an lang. Youn leve kanpe epi li di: “ENSI DI SEYÈ A.” Kisa sa ye? Tande. “Al di Frè Jones pou l kite kote l ap viv la, paske demen apremidi pral gen yon siklòn ki pral ravaje peyi sa a; e li pral ale ak kay li a. Ke l pran byen l yo epi ale lwen!”

<sup>132</sup> Kounye a, sa—sa sonnen byen. Men tann on minit. Ta dwe gen twa moun la ki gen Lespri disènenman. Youn nan yo di: “Sa te vin de Seyè a.” Lòt la di: “Sa te vin de Seyè a.” Sa se de kont twa—de oswa twa temwen. Dakò. Yo ekri sa sou yon moso papye. Se sa Lespri a te di. Dakò. Yo retounen al priyè, ap remèsye Seyè a.

<sup>133</sup> Apre yon moman, “ENSI DI SEYÈ A (yon pwofèt leve kanpe) ENSI DI SEYÈ A, aswè a, pral gen yon fanm ki soti Lavil New York; li sou branka; li va antre nan bilding lan sou branka. Li gen yon foula vèt toutotou tèt li. Li gen yon kansè k ap touye l. Sa ki te lakòz li vin konsa a, Seyè a gen sa kont li: yon fwa li te vòlè lajan nan Legliz Li lè l te gen sèzan. Di Frè Branham pou di l bagay sa yo. ENSI DI SEYÈ A, si l met sa annòd, li va geri.” Tann on minit. Sa sonnen vrèman byen, men tann on minit. Ou pral mete non w sou papye sa a, moun k ap disène a? Èske w ap mete non w?

<sup>134</sup> “Sa te vin de Seyè a.” Youn di, “Sa te vin de Seyè a.” Alò—alò ou note l: “ENSI DI SEYÈ A, aswè a pral gen yon fanm k ap antre, *tèl-tèl* bagay.” Sila ki gen disènenman lespri a, de ou twa ladan yo siyen non yo pou sa. Yo bay tout mesaj sa yo. Dakò.

<sup>135</sup> Kidonk apre yon moman yo kòmanse tande klòch la ap sonnen. Legliz la ap prepare pou kòmanse. Apresa yo pote mesaj sa yo, depoze yo drèt la sou chè a. Drèt la a se kote yo sipoze depoze yo. Mwen byen lwen yon kote ap etidye, ap priyè. Apre yon ti tan m soti apre ke yo te fin chante kantik yo. Legliz la tout annòd, moun ap vini, chita, medite, priyè; se sa w sipoze fè. Ou pa vin legliz pou pale youn ak lòt, Ou vin legliz pou pale ak Bondye. Gen kominyon fratènèl ou deyò la. Ou wè? N ap fratènize ak Bondye kounye a. Epi nou vin la ap pale, tout bagay an silans, avèk reverans, Lespri a ap bouje. Pyanis la vin sou pyano a apeprè senk minit anvan sèvis chan an kòmanse, pou kòmanse vrèman dousman:

Anba a sou kwa a kote Sovè m nan te mouri,

Anba a la m te kriye pou pirifye m de peche;

Oswa kèk bon kantik dous, vrèman trankil. Li mennen Prezans Sentespri a nan reyinyon an. Ou wè? Dakò.

<sup>136</sup> Moun yo an pozisyon la. Kèk nan yo reyèlman—kòmanse ap kriye epi al a lotèl, repanti anvan menm ke sèvis la kòmanse. Sentespri a la a. Ou wè? Legliz la nan doule. Kretyen yo ap priye; yo okipe pozisyon yo. Yo pa rete la ap moulen chiklèt, ap di, “Ey, Liddie, ban m enpe nan fa pou bouch ou a; Mwen vle. . . Ou konnen. Ou konnen. M bezwen. . . Ou konnen, lòt jou lè m te anba la ap magazinè, m te di w, mwen te prèske mache sou zòtèy ou. Èske m te janm wè yon tèl. . . Kisa w panse de sa?” O, mizèrikòd! E yo rele sa kay Bondye. Enben, se yon wont. Kò Kris la lè l rasanble. Men nou an pozisyon.

Nonm toupre a, “Di mwen, ou konnen lè n te ale lòtbò a la, *entèl entèl* sa a ak *tèl e tèl e tèl. . .*” Sa kòrèk deyò a, men anndan la se kay Bondye.

<sup>137</sup> Antre priye; pran pozisyon w. M ap pale la, pa ak legliz nou yo, frè m yo. Mwen pa konn sa w ap fè; M ap pale a tabènak sa a. M ap pale ak dèyè pòt pa m. Ou wè? Se vre.

<sup>138</sup> Kounye a, lè w antre konsa, lè sa premye bagay ou konnen, pastè a soti. Li tou frè. Li pa oblije reponn *sesi, sela*, ak *lòt* la. Li fenk soti nan—lawouze ministè li. Li te anba pwisans Sentespri a. Li dirije l tou dwat kote plis lang dife rasanble ansanm. Se prèske yon kolòn kounye a (ou wè?), sa ap bouje fè tout tou a. Li soti la, ranmase sa a. “Yon mesaj ki vin de legliz la: ‘ENSI DI SEYÈ A, pou Frè Jones deplase kite kay li. Demen apremidi a dezè yon siklòn pral ravaje peyi l. L ap pran bagay li yo epi pati.’” Frè Jones resevwa sa a. Dakò. Sa a nan dosye. “ENSI DI SEYÈ A, pral gen yon fanm ki rele *Entèl-entèl* ki pral antre isi a aswè a, e se te—li te fè *tèl-tèl*.” (Tankou m sot di a, ou wè, konsa.) Dakò, sa depoze la. Se tou. Yo deja gen pozisyon yo kounye a nan legliz la. Dakò.

<sup>139</sup> Apre sa li pran mesaj la. E premye bagay ou konnen, li kòmanse preche. Pa gen anyen pou entèwonp li; tout bagay regle. Kounye a, n ap avanse, n ap preche mesaj la.

<sup>140</sup> Epi apre yon moman lè. . . Premye bagay ou konnen lè mesaj la fini, liy gerizon an kòmanse. Men yon fanm vini. Yon moun te pale an lang epi l te di li ta pral vini. Ou wè? Nou tout konnen sa k pral rive. Nou chak konn sa. Gade kijan lafwa kòmanse bati ak lang dife sa yo ki sispann sou ou la. Manzè te kòmanse ap anpile ansanm. Enben, se jis yon travay ki fini; se tou.

Fanm sa. . . ann di, “Madan. *Entèl entèl*, ki sot Lavil New York, ki chita la a. . .” Ou wè?

“O, se vre. Kijan w te fè konn sa?”

“Se yon mesaj ki vin de Seyè a pou legliz. Lè w te gen sèzan, èske w pat *tèl-tèl* kote epi w te—pran lajan legliz la, epi te vòlè l, epi w te soti, al achte rad nèf avè l?”

“Oo, se vre. Se vre.”

“Se egzakteman sa Bondye di nou aswè a atravè Frè *Entèl entèl*, ki te pale an lang; Frè *Entèl-entèl* te entèprete; Frè *Entèl-entèl* isi a te di, nan disèneman an, te di ke sa te vin de Seyè a. E sa se laverite.”

“Wi!”

“Alò, ENSI DI SEYÈ A, al met sa annòd, epi w ap gen viktwa sou kansè w la.”

<sup>141</sup> Frè Jones al lakay li, pran charyo yo, fè bak, pran mèb li yo, epi pati kite la. A dezè demen apremidi: Zowie! tout bagay la devaste. Ou wè? Alò legliz glorifye . . . “Mèsi, Seyè Jezi, pou bonte W.” Bon, se pou sa l la, pou edifye, pou legliz.

<sup>142</sup> Kounye a, e si sa pa rive apre yo fin di l? Alò nou gen yon move lespri nan mitan nou. Ou pa vle move bagay sa. Poukisa w ta vle yon move bagay alòske syèl—syèl la ranpli ak vrè bagay Pannkotis? Pa pran yon vye imitasyon ki vin de dyab la. Jwenn yon bagay ki reyèl. Bondye genyen l pou ou. Alò piga w fè okenn lòt reyinyon, epi mete tout bagay de kote, jiskaske Bondye konfime dabò ke w gen rezon, paske ou se yon èd pou legliz nan travay Levanjil la. Kounye a, ou konprann kisa sa ye?

<sup>143</sup> Epi lang, lang enkonni . . . Pa gen yon moun—ki konn de kisa l ap pale. Li pale; men chak son gen yon siyifikasyon. Sa gen yon sans. [Frè Branham bat men l yo—Editè a.] “Gluck, gluck, gluck!” Sa gen—sa se yon—sa se yon langaj kèkpa.

<sup>144</sup> Lè m te an Afrik, m pa t janm kwè l, men tout bagay ki te fè yon bri te gen yon jan de sans. Bib la di pa gen okenn son san yon siyifikasyon, san yon sans. Chak son ki pwodui fè sans pou yon bagay. Enben, mwen te ka tandè moun yo di . . . Mwen te ka di: “Jezikri, Pitit Bondye a.”

<sup>145</sup> Youn nan yo te ka fè [Frè Branham imite yon entèprèt Afriken—Editè a.]. Yon lòt fè [Frè Branham imite ankò.]. E se te: “Jezikri, Pitit Bondye a.” Ou wè? Sa te gen yon . . . E li pa t vle di anyen pou mwen, men pou yo se te yon langaj jis menm jan m ap pale avè w la. Lè entèprèt Zoulou a, Xhosa a, Basuto a, ak kisa ankò, te vini, chak sa k te di, tout moun te konprann. E bagay sa yo ke n tandè moun sa yo t ap jis bougonnen an, epi panse ke se yon pakèt babyaj, se pa sa; sa gen yon sans. Kifè nou ta dwe respekte l, mete l nan plas li.

<sup>146</sup> Kounye a, petèt pat gen okenn mesaj. Bon, sèvis la fini; apèl a lotèl fin fèt. Epi apre yon moman yon moun (pandan pa t gen okenn mesaj anvan la) yon moun leve kanpe osito ke yo gen yon chans. Sentespri a . . . Kounye a, Bib la di: “Si pa gen okenn

entèprèt, ke l pe bouch li.” Kèlkeswa jan l ap eseye pale mal, rete trankil.

<sup>147</sup> Ou di: “M pa ka fè l.” Bib la di ou kapab. Ou wè? Alò sa—sa regle kesyon an. Ou wè? Ke l fèmen bouch li.

<sup>148</sup> Alò, lè sa, jwenn chans vini kote tout bagay annòd, alò si Sentespri a tombe sou li pou bay mesaj la, alò ke l bay li. Se egzakteman sa w ta dwe fè. Apresa entèpretasyon an vini, sa di, “Gen yon fanm isi a ki rele Sally Jones (Mwen espere ke fanm sa a pa isit la ak non sa, men . . .) Sally Jones. (Ou wè?) Di l ke sa a se dènye sware apèl li. Mete sa annòd ak Bondye paske li gen yon tan kout l ap isi a.” Kounye a, Sally Jones pral kouri ale a lotèl osi vit ke l ka rive la (ou wè?), paske se dènye apèl li. Ou wè? Sa se bay yon mesaj, oswa yon konfimasyon, oswa yon bagay konsa.

<sup>149</sup> Sa se legliz Pannkotis an operasyon. Pa gen okenn posibilite pou move lespri glise antre, paske sa deja . . . Bib la bay li egzakteman, “Ke sa fèt a tou de wòl, e kite ke se twa; e kite de ou plis jije.” Sa se legliz. Men ki kote nou jwenn sa jodi a? Ap ponpe, san pran souf, ap ri epi ap kontinye konsa pandan ke yon moun ap pale an lang; yon lòt ap gade, ap pale de yon lòt bagay pou rasanble toutotou; pastè a ap fè yon bagay; oswa yon moun ap rasanble ozalantou. Ebyen, sa pa kòrèk. Petèt pastè a ap preche, epi yon moun leve pou entèwonp li nan . . . Petèt l ap li Bib la epi yon moun . . . L ap li Bib la, epi yon moun dèye a la ap pale an lang. Oo, non! Ou wè? Predikatè a ap preche sou chè a, yon moun leve kanpe pou entèwonp li, pou ap pale an lang. Se kòrèk. Mwen pa di se pa Sentespri a, men ou ta dwe konnen kijan pou itilize Sentespri a (ou wè?), pou itilize Li.

Bon, mwen—m ap pran . . . Èske nou gen plas pou youn an plis? Alò, demen dimanch lan. La, n ap . . . Ann jis . . . Men youn. Mwen kwè ke se sa k pi dous la. E kounye a, si nou tout ka jis sipòte m jis kèk minit ankò, tanpri. E alò, m ap . . . Mwen vle w—mwen vle ke w sezi sa a. Mwen te gade sa a espere. Sa se dènye m lan.

Kounye a, dabò, m pral li de bagay moun lan mande. Li sou yon vye moso papye, ki ekri ak yon bèl ekriti alamen. Nou pa gen okenn lide kimoun li ye, pa gen okenn non ki siyen—pou okenn nan yo.

**98. Frè Branham, èske se kòrèk pou minis yo fè bèl rale pou lajan nan sèvis yo, ap di ke Bondye te di yo ke plizyè nan oditwa a sipoze bay tèl kantite? Si se vre, mwen vle konnen. Oswa si sa pa byen, mwen vle konnen. Sa deranje m anpil.**

<sup>150</sup> Kounye a, ou wè, zanmi, m pral di w, m pral di w sa m panse. Ou wè? Ebyen, sa pa vle di ke sa kòrèk. Mwen panse ke se terib.

<sup>151</sup> Kounye a, men sa m panse. Bondye te voye m nan chan an. M te konn wè moman kote sa te sanble m t ap omwen . . . E mwen—mwen pa t gen lajan ditou. E m te konn di: “Jis pase plato kòlèk la.”

Epi manadjè a te konn vin kote m pou di, “Gade, Billy, nou nan defisi pou senk mil dola aswè a, Gason mwen. Èske w gen lajan Jeffersonville pou regle sa?”

<sup>152</sup> Mwen te konn reponn, “Se kòrèk. Bondye voye m isi a, sinon m pa t ap vini. (Ou wè?) Jis pase plato kòlèk la.”

E anvan reyinyon an fini, yon moun di, “Ou konnen, Seyè a mete sou kè m pou m bay senk mil dola pou sa a.” Ou wè, ou wè? Premyèman, fòk ou kondui pou fè l.

<sup>153</sup> Mwen pa kwè nan kenbe redi, pou ap mande charite, ak kete pou lajan. Mwen kwè se yon move bagay. Kounye a, frè, si w ap fè sa, pa kite m blese santiman w. Ou wè? Ou—ou ka gen pèmision Bondye pou fè l. Men m ap pale jis pou tèt mwen. Mwen pa kwè nan sa.

<sup>154</sup> Kounye a, m menm konnen minis k ap di . . . Mwen te jis kanpe, sa pa fè lontan . . . Bon, sa se pa Pannkotis, sa se . . . Ebyen, se legliz yo (ou wè?), lòt legliz yo. Se te nan yon gwo kan pou fè reyinyon. Gertie, ou te avè m, anpil lòt te la. E yo te pase tout apremidi a nan yon denominasyon popilè—de ou twa ladan yo ansanm (sa se legliz regilye yo, tankou legliz modèn nou yo isit la nan vil la, e latriye) nan yon gwo konvansyon—e yo te pran tout apremidi a, kanpe sou estrad la—pou ap menase ke Bondye ta pral detwi rekòt yo, ta pral bay pitit yo lafyèv polyo, ak bagay konsa, si yo pa t bay ofrann nan reyinyon sa. Se egzaktèman laverite, avèk Bib sa devan m. Mwen te di, “Se yon blasfèm kont Bondye ak disip Li yo.” Si Bondye voye w, Li va pran swen w. Si L pa voye w, alò kite denominasyon pran swen w lè sa. Men—men oumenm . . . Si Bondye voye w, Li va pran swen w.

### **99. Sa w panse de yon pyès teyat nan peryòd Nwèl nan yon legliz ki gen Sentespri?**

<sup>155</sup> Ebyen, si se konsènan Kris, sa ka kòrèk. Men si se konsènan Tonton Nwèl, mwen pa kwè nan misye. Mwen—mwen te grandi—mwen te grandi andeyò bagay sa a. Mwen pa kwè nan Tonton Nwèl ditou. Ou wè? E kèk ti bagay Nwèl sa yo ke yo genyen, mwen kwè se ridikil. Epi . . . Men mwen kwè yo retire tout Kris nèt nan Nwèl pou mete Tonton Nwèl nan sa.

<sup>156</sup> E Tonton Nwèl se yon istwa lejand. (Mwen pa p blese ankenn santiman w, konsènan timoun yo, m espere.) Men kite m di w. Isi a sa pa fè lontan, anviwon vennsenkan, trant an de sa, lè yon minis isi a nan vil sa a, pastè yon—yon gwo legliz kèlkonk isi a nan vil la, ke m te konnen vrèman byen, yon bon zanmi m, li te mache sou mwen. E Charlie Bohannon (Frè Mike, ou sonje Charlie Bohannon, yon bon zanmi m). . . Li te la nan biwo l epi l te di, “M p ap janm di pitit mwen oswa pitit pitit mwen m pa p rakonte yo manti sa ankò.” Li te di, “Pwòp ti gason m lan te vin kote m apre l te gen apeprè douzan, an palan de Tonton Nwèl . . .” Epi limenm, te di, “Ebyen . . . Cheri, m gen yon bagay pou m di w,” li di, “Manmi . . .” Ou konnen, epi l kontinye ap di l sa l te fè.

Epi apre li te retounen, li te di, “Alò, Papa, èske Jezi sa a se menm bagay la?”

<sup>157</sup> Pou di laverite. Tonton Nwèl se yon pèsonaj Katolik konsènan yon endividi, yon Pè Nowèl oswa Sen Nikola, yon ansyen sen Katolik Alman sa fè plizyè lane ki t ap mache toupato ap fè byen ak timoun. E yo te vin avèk sa kòm yon tradisyon. Men Jezikri se Pitit Bondye a. Li reyèl, e Li vivan.

Kounye a, men yon kesyon, dènye a, ki se yon trè . . .

<sup>158</sup> Bon gade. Ou ka pa dakò avè m sou sa. Men si w pa dakò avè m, sonje, ke sa rete amikal, èske w vle? Mwen renmen w, e mwen pa vle—pa vle fè w mal. Mwen jis, mwen vle onèt. Si m pa ka . . . si m bay pitit gason m lan yon manti, alò mwen se yon mantè. Ou wè? Mwen vle di l laverite.

<sup>159</sup> Kounye a, mwen pale l de Tonton Nwèl, mwen di, “Wi, sèten, gen Tonton Nwèl. Obsève Papa nan nwit Nwèl la.” Ou wè? Wi.

<sup>160</sup> Ou konnen, lòt jou mwen te anba la, e m t ap eseye sa sou yon ti jenn fi jis pou m wè. Mwen te sèten ke yo t ap ranbouse m avan yè. Mwen te nan bilding lan. Epi yo te kanpe la, anba la nan Quaker Maid la. E m te desann la pou m al fè pwovizyon. E alò nou, madanm mwen avè m, te anndan la. E te gen yon vyek ti pitit fi, ki pa t gen plis pase dizwit mwa, epi li te kanpe la, ap mache, ap chante: “Sonnen Klòch, Sonnen Klòch . . .” E m te di . . . Nan ti syèj li, ou konnen, ki te dèyè ti charyo a.

Mwen te di, “Èske w ap chache Tonton Nwèl?”

Li di, “Se papa m, Mesye.”

Mwen te di, “Bondye beni ti kè w, Cheri. Ou gen sajès.”

Kounye a, men yon vrè kòl, zanmi. Epi nan sa a . . . Apresa m ap fini. Oo, se—se yon Ekriti ki fòmidad, men li se yon kòl pou chak moun ta sanble sa. E sa te kole m pandan plizyè e plizyè lane; e se sèlman ak gras Bondye . . . E madanm presye mwen an, ki dèyè la kounye a menm, lè l te tandè ke m te gen kesyon sa a apre midi a, li te di, “Bill, kijan w reponn sa a?” Li te di: “M te toujou ap mande m sa mwenmem.” Li te di, “Mwen pa t janm ka konprann li.” Epi l te di . . .

Mwen te reponn, “Desann aswè a, Cheri. M pral fè tout sa m kapab avèk èd Bondye.”

### **100. Frè Branham, souple eksplike Ebre 6:4 a 6.**

<sup>161</sup> Se yon moman kote sa vrèman . . . Ou wè, kounye a nou pral oblije siveye la fwa nou, gras, sekirite kwayan yo, pèseverans sen yo, pèseverans, pito, pou sen yo. Ebre chapit 6, 4 a 6.

Kounye a, osito ke sa . . . fini ak sa a, alò mwen espere ke Bondye va ede m rann sa vrèman klè pou ou. Mwen ekskize m, mwen—mwen gen Mesaj mwen pou aswè a; petèt m pral preche menm bagay la nan maten nan—nan sèvis la. Apresa m pral ale.



<sup>162</sup> Bon, sa a se vrèman yon pikan. Ou wè? Kounye a, ou dwe fè atansyon. Bon sonje, nou kwè epi nou anseye nan legliz sa a, se pa tout bagay ki vini epi rele fò, tout sa ki pale an lang, tout sa k ap bay lanmen ak predikatè a, ki gen Lavi Etènèl. Men nou kwè si w gen Lavi Etènèl, si Bondye ba w Lavi Etènèl, ou genyen L pou tout tan. Ou wè? Paske gade. Si se pa sa, Jezi ta konsidere tankou yon fo anseyan. Nan Sen Jan 5:24, Li te di: “Sila ki tande Pawòl Mwen yo epi ki kwè nan Sila ki voye M lan gen Lavi Etènèl, epi li p ap janm vini nan jijman, men li te pase de lanmò a Lavi.” Kounye a, diskite avèk Li. “Tout sa Papa a te ban Mwen. . . Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen sof si Papa a atire l. (M ap site Lekriti.) Tout sa k vini. . . Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen sof si Papa M atire l an premye. E tout sa Papa M te ban Mwen ap vin jwenn Mwen. (Ou wè?) E tout sa ki vin jwenn Mwen, M ap ba yo Lavi Etènèl (Sen Jan 6), e yo va resisite nan dènye jou yo.” Sa se pawòl Li.

<sup>163</sup> Kounye a gade. Si m ta vle retounen nan Efezyen chapit 1, se Pòl k ap preche. . . Kounye a, Korentyen yo, yo chak te gen yon afè lang epi yon sòm. Remake lòt legliz yo pat gen pwoblèm sa. Li pa t janm di anyen sou sa. Èske l te janm mansyone zafè lang ankenn kote nan legliz Efezyen, legliz Women? Non! Yo te gen zafè lang ak tout bagay jis tankou Korentyen yo, men yo te genyen l annòd. Korentyen yo jis pa t ka mete sa annòd. Ou wè? Men Pòl te desann la epi li te mete legliz la annòd.

Kounye a, li. . . Mwen kwè, jan Oral Roberts di a, “Bondye se yon Bondye ki bon.” Èske w pa kwè sa?

<sup>164</sup> Epi ou di, “Ebyen, e Pannkotis yo ak zafè lang yo a alò, Frè Branham?” Mwen kwè yo gen Sentespri a. Se sèten yo te genyen l. Dakò, poukisa? Gade. Ou kwè Li se yon Bondye ki bon? Toma te di yon fwa, “Ou konnen, Seyè. . .”

Tout rès nan yo te kwè L. Li di, “O, nou konnen Li reyèl!”

“Oo,” Toma te di, “non, non, m pa kwè sa. Sèl fason mwen pral kwè l, mwen oblije gen kèk prèv. M oblije mete dwèt mwen nan kòt Li epi nan mak klou yo ki nan men L.”

Li se yon Bondye ki bon. Li te di: “Annou wè, Toma. Men ni.”

“Oo,” Toma te di, “kounye a mwen kwè.”

<sup>165</sup> Li di: “Wi, Toma, apre w fin wè M, epi touche M, epi mete men M. . . men w bò kòt Mwen, ou kwè. Men konbyen plis rekonpans sila ki pa t janm wè e poutan ki kwè a va ye.” Li se yon Bondye ki bon. Li ba w dezi kè w, natirèlman. Annou jis kwè L. Sa a se—sa se—sa se kou mòtèl la pou Satan. Lè yon nonm kwè Bondye sou Pawòl Li, frè, sa ap touye Satan chak fwa. Sa se frap ki pi di ke Satan ka pran, lè yon nonm va kwè Bondye sou Pawòl Li. Wi, mesye. Jan m te di a, “Lòm p ap viv sèlman (Jezi, lòt jou swa a), men de chak Pawòl ki soti. . .”

166 Kounye a, remake sa. Bon mwen pral kòmanse premye vèsè a:

*Sepoutèt sa n ap kite prensip doktrin Kris yo, ann ale nan pèfeksyon; . . .* (Kounye a, premye bagay mwen vle nou konnen: ak kimoun Pòl ap pale la? Ebre yo. Yo di, “Ebre,” anwo a nèt, Liv Ebre a. Èske se vre? Jwif yo ki te rejte Jezi yo. . . Èske w—ou ka sezi l kounye a? L ap pale ak Jwif yo, ap montre yo lonbraj lalwa ki se yon tip Kris. Tout ansyen bagay yo se yon tip nouvo a. Kounye a gade.)

*. . . n ap kite prensip doktrin Kris yo, ann ale nan pèfeksyon; . . .*

167 Kounye a, li t ap pale avèk yo sou zafè doktrin. Ann avanse pou pale sou bagay ki pafè yo. Ebyen, ou pafè nan Bondye lè Sentespri a sele w *jouk* jou redanmsyon w. “Sila ki ne de Bondye (Premye Jan) pa komèt peche; paske li pa ka peche, poutèt Semans Bondye a rete nan li.”

168 Yon nonm ki ranpli ak Sentespri, pa youn ki panse li ranpli, men sila ki ne de Lespri Bondye a pa ka komèt peche, paske Semans Bondye a nan li, e li pa ka peche. Ou wè? Èske Bib la di sa? Alò men li. Ou se . . . Se pa sa w fè, sa ki, se kisa, se pa sa mond lan panse de ou, se sa Bondye panse de ou. Ou wè, ou wè? Ou pa ka . . . Kijan m ta ka fè gen yon lòd ke majistra vil la ekri, pou m ka kondui a karant mil alè nan vil la, epi yon polisye arete m? Li pa posib. Kijan m ka fè peche lè gen yon ofrann ak san devan Bondye kontinyèlman, kote Li pa ka menm wè m; lè gen yon defans sou—sou . . . ant mwen e Bondye, yon bouklye ak San? Paske nou mouri, e vi nou kache nan Kris atravè Bondye, sele pa Sentespri a. Kouman e pa ki mwayen ou ka fè sa ki mal nan je Bondye? “Si nou peche volontèman (Ebre 10) apre nou fin resevwa konesans Verite a, pa gen okenn sakrifis ankò pou peche.” La a li enposib (ou wè?) pou peche volontèman.

169 Kounye a, annou kontinye li. Dakò.

*. . . pèfeksyon; se pa poze fondasyon ankò pou—pou repantans ki vin de zèv ki mouri, e . . . lafwa nan Bondye,*

*Doktrin batèm, . . . enpoze men, ak rezirèksyon mò yo, epi . . . jijman etènèl.*

*E sa a . . . n ap fè l, si Bondye pèmèt li.*

(Kounye a men kote yo te vle kòmanse, apati de vèsè 4 la.) *Paske li enposib pou sa yo . . . yon fwa ke yo eklere, e yo te goute don selès la, e yo te vin patisipan nan Sentespri a,*

*Epi te goute bon pawòl Bondye a, ak pwisans mond k ap vini an,*

*Si yo tonbe, pou renouvle—renouvle yo ankò pou repantans; paske yo wè ke yomenm yo krisifye Pitit Bondye a yon lòt fwa, epi lage l nan yon wont aklè.*

170 Bon, kounye a, sa sanble, selon fason w ap li l la a, ke yon nonm te ka resevwa Sentespri a, epi apre sa retwograde epi pèdi. Men li enposib pou l fè l. Ou wè? Li pa ka fè l. Si l te fè sa, Kris te bay manti. Ou wè? Li enposib pou sa yo ki te eklere yon fwa. Kounye a, gade la a. A kilès l ap pale a? L ap pale ak Jwif sou fwontyè sa yo. Li pa t janm di ke yon nonm ki ranpli ak Sentespri a; li di, “Si l te goute Pawòl Bondye a.”

171 Bon, kite m jis di l an parabol, konsa ou va wè e ou pap rate l kounye a. Kounye a, l ap ekri Jwif sa yo. Kèk nan yo se kwayan fwontalye yo ye. Ou wè? Li di, “Kounye a, nou pral kite zèv sa yo pou kontinye ap pale de pèfeksyon.” Li di, “Kounye a, n ap pale de batèm, ak rezirèksyon mò, ak epozisyon men, e tout bagay; men ann avanse kounye a pou pale de pèfeksyon. Kounye a, nou pral pale de lè w antre nan Sentespri a. Kounye a, sa fè yon bon bout tan w ap tounen anwon nan reyinyon. . . .”

172 E nou te wè moun sa yo. Yo va rete ozalantou; yo p ap ni antre ni soti. Yo apresye Sentespri a. Y ap tounen toutotou. E petèt Sentespri a fè yon bagay epi, monchè, yo va leve kanpe epi rele fò, epi vole anlè tonbe atè konsènan sa, men yo pa janm vle resevwa L pou yomenm. Non, non! Ou wè? Epi yo va di: “Oo, wi, se byen. Oo, m pa konn anyen sou sa kounye a.” Ou wè, ou wè, ou wè? Kwayan fwontalye. Yo jis si tèlman pwòch jouk yo ka goute L, men poutan yo pa resevwa L. Ou wè? Kounye a, yo trennen toutotou konsa tèlman lontan jouk apre kèk tan yo ekate yo konplètman. Mwen ka bay non anpil moun nan tabènak la, ki te fè menm bagay la. Chite nèt ale ankò, pou renouvle tèt yo nan repantans, pa gen repantans pou yo. Yo te jis atriste Lespri a ki te ale lwen yo. Yo te tèlman pwòch jouk. . . .

173 La a, si w ta ale avè m (ou pa gen tan, mwen konnen, la) men si w ta ale nan Detewonòm premye chapit la epi li l, w ap jwenn menm bagay la. Make l kounye a, Detewonòm premye chapit la. Bon, kòmmanse nan vèsè 19 la epi li jiska vèsè 26. Detewonòm. . . . Ou pral wè. . . . Kounye a gade. Tout Izrayèl. . . . Sa moun yo fè, yo te rive Kadès-Banea. Oo, mwen wè yon bagay! Tabènak sa a, monn Pannkotis sa a nan Kadès-Banea kounye a menm. Se egzakteman sa, Frè Neville. Nou nan Kadèch-Banea, plas pou jijman mond lan (se te plas jijman an).

174 Epi espyon yo te soti. Jozye te di la a, “Bon, mwen te voye espyon,” oswa Moyiz, pito, “Mwen te voye espyon, douz, youn nan, yon moun nan chak tribi nou yo. Mwen te voye yo al espyone peyi a epi bay yon rapò.” Èske se sa?

E lè yo te retounen, te gen nèf sou douz yo ki te di, “Oo, se yon bon peyi, men oo, mizerikòd, nou pap ka pran l. O, la la! Amoreyen yo la, e nou sanble ak krikèt bò kote yo. Mesye sa yo

ame. Miray pa yo a epè. Oo, se twòp . . . enben, m swete pou n te mouri laba a nan peyi Lejip olye pou w te mennen nou isi a.”

175 Men, vyek ti Kalèb ak Jozye te sote sou okazyon an la epi te kalme yo; yo te di: “Nou plis ke kapab pou pran l.” Wi, mesye! Men yo. Kounye a gade. Kisa k te rive? Kalèb ak Jozye te konnen ke Bondye te fè pwomès la: “M pa fè ka jan sa gwo, kantite obstak ki genyen, ki wotè, jan sa ekstraòdinè, sa pa gen anyen pou wè avè l. Bondye te di sa, e nou ka pran l.” Epi èske w konnen yo te de sèl moun, sou de milyon edmi sa yo, ki te janm travèse antre nan peyi a? Paske yo te gade fwa yo nan sa Bondye te di ki se Laverite. Amèn!

176 Tabènak la, kounye a menm, nan pozisyon Kadès-Banea. Gade, moun sa yo te tèlman pwòch jouk yo te menm goute rezen ki sot nan peyi a. Yo te manje rezen yo. Lè Kalèb ak yo te ale epi yo te tounen ak rezen, kanmarad sa yo te pran epi manje yo. “Oo, yo bon, men nou pa ka fè l.” “Sila yo ki te goute bon zèv Bondye a, ki te goute Sentespri a, ki te wè bonte Sa, te goute L, goute Pawòl Bondye a . . .” Ou wè sa? Okenn nan mesye sa yo, yo pa t pèmèt youn nan yo travèse. Yo te peri nan pwòp teritwa yo, bò isi a nan dezè a. Yo pa t janm ale, poutan yo te ase pwòch pou goute L, men pa ase gras ak fwa pou pran L. Se sa l ye.

177 Bon. Kounye a koute moun pa m sa a ki te ekri lèt sa a. Annou jis li pwochen vèsè a. Obsève jis yon minit. Siveye Pòl. Kounye a annou li vèsè 7 la:

*Paske tè a . . . bwè lapli ki tonbe sou li souvan, epi li pwodui manje fèy pou sila yo ki te prepare, pou resevwa benediksyon nan men Bondye:*

*Men sa ki pote pikan ak pengwen yo pa vo anyen, e pare pou malediksyon; epi fen yo se pou al boule.*

178 Bon, ou wè sa l di? Kounye a gade byen. Te gen kesyon sa a la; bon, epi apre sa n ap fini . . . Bagay sa a te kòm ap touye m pandan dè zane.

179 Mwen te al nan yon reyinyon yon fwa kote moun t ap pale an lang nan Mishawaka, Indiana. La, mwen devan pwòp foul moun pa m yo. Ou t ap tandè moun yo . . . ou te tandè m ap rakonte istwa vi m, epi osijè mesye nwa a ki te di, “Men li. Men li.” Bon, mwen te rakonte sa.

180 Men rès la: Mwen te wè de mesye. Yo te . . . Youn t ap bay yon mesaj, lòt la entèprete l. Lòt la bay yon mesaj, epi lòt la entèprete l. E frè, yo te kòrèk. Jis sa a . . . M te panse: “Mezanmi! M pa t janm wè anyen konsa.” Mwen te di, “Mwen pami zanj.” M te panse, m pa t janm wè anyen . . . Youn t ap pale, epi lòt la . . .

181 E m te chita dèyè la, kòm yon vyek ti predikatè, ou . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . . toude moun yo alokazyon m te ba yo lanmen. Mwen pa t janm wè moun konsa nan vi m. Yo t ap bay yon mesaj, epi lòt la t ap entèprete l. Epi o lala, la la! Se te bèl

bagay! Youn, t ap pale epi lòt la t ap entèprete. Toude . . . Epi yo te jis vin blan tankou lakrè lè yo te leve men yo anlè. M te panse: “O, la la, la la! Ki kote m te ye tout vi mwen? Sa a se bagay la!” Mwen te di: “Mezanmi, Pannkotis yo gen rezon.” Se egzakteman sa.

<sup>182</sup> Mwen pa t janm wè plis ke sèlman sa k te pase anba bò isit la, kote . . . Petèt kèk fanm k ap fè misyon kèk kote. E yo te konn ap fè diskisyon; epi youn k ap rele lòt la, “branch pou votou,” e, ou konnen, jis konsa, on jan ap joure youn ak lòt. Pa ke m ap meprize fanm yo kounye a ni anyen, men jis . . . Sa—sa te konn desann byen ba. Si nenpòt nan nou . . . Ou sonje, Frè Graham. Ou te jis yon ti gason nan epòk sa a. E kidonk, se fason sa a sa te ye.

E m te tandè sa, e m te panse: “O la la, mwen ateri pami zanj.”

<sup>183</sup> Youn jou m t ap vini arebò kwen kay la, apeprè de jou apre, m te rankontre youn nan mesye yo. Mwen te di, “Kijan w ye, Mesye?”

Li te reponn, “Kijan w ye?” Li te di: “Èske . . . Kouman w rele?”

Epi m te di: “Branham.”

Li di: “Ki kote w soti? Bò isi a?”

Epi m di: “Non, mwen soti Jeffersonville.”

Li di: “Ebyen, se kòrèk. Èske w se Pannkotis?”

Mwen di: “Non, mesye, mwen pa pannkotis.” Mwen di: “Mwen jis pa aksepte fason Pannkotis yo resevwa Sentespri a,” mwen di, “sepandan,” mwen di, “mwen isi a pou m aprann.”

<sup>184</sup> Li di: “Ebyen, se ekstrèman byen.” Epi m t ap pale avè l, pou ap sonde lespri l (tankou fanm nan pwi a), li te youn vrè Kreyen. Frè, mwen santi ke l te debrouye l trè byen. Li te kòrèk. Kounye a, nou tout . . . Konbyen moun ki te nan reyinyon m yo epi ki te wè bagay sa yo rive? Ou wè? E nonm lan te pafètman kòrèk. Kifè la, mwen—mwen te panse: “Men ni! O la la, ala bèl bagay!”

<sup>185</sup> Nan menm sware sa, nan apremidi a youn moman done, m te rankontre lòt la. M te di, “Kijan w ye, Mesye?”

Li te reponn, “Kijan w ye? Kouman w rele?” E mwen te di l. Epi li di: “Gen . . . Èske—èske w se youn Pannkotis?”

Mwen di, “Non, mesye, pa egzakteman Pannkotis, pa toutafè.” Mwen di, “Mwen jis isi a pou m aprann.”

L ap pale, m ap reponn, li di: “Ou te janm gen Sentespri a?”

Mwen di, “Mwen—mwen pa konnen.” Mwen di, “Dapre sa nou tout genyen, mwen sipoze mwen pa genyen l.”

Epi li di, “Ou Pa janm pale an lang?”

Mwen di, “Non, mesye!”

Li di, “Alò ou poko genyen L.”

<sup>186</sup> Epi m di, “Ebyen, mwen—mwen sipoze ke se vre.” Mwen di, “Mwen pa konnen. Mwen jis ap preche depi apeprè dezan, ou mwens,” epi m di, “Mwen pa konn twòp bagay sou Sa.” Mwen di, “Petèt mwen pa konnen.” Mwen di, “M pa ka konprann. . .” Rezon an sèke, m t ap eseye retni l la (ou wè?), pou m ka sezi sa. E lè m te fè sa, si m te janm rankontre yon ipokrit, se te youn nan yo. Madanm li te gen cheve nwa; e li t ap viv ak yon fanm ki gen cheve blonn, li te gen de timoun avè l; epi l ap pale an lang, entèprete l osi pafè ke sa te posib. Epi m di, “Kounye a, Seyè, nan kisa m antre la?” Soti nan zanj, mwen pa t konnen nan kisa m te antre. Mwen di, “Mwen—mwen—mwen se yon fondamantal; sa dwe konfòm a Bib la. Sa te dwe kòrèk. Gen yon bagay ki pa mache kèkpa, Seyè. Kijan sa fè posib?”

<sup>187</sup> Mwen te ale nan reyinyon an jou swa sa a, e Lespri sa a te tonbe; e frè, ou te ka santi Sa, ke Se te Sentespri a. Wi, mesye! Si Se pa t sa, Li te rann temwayaj ak lespri pa m ke Se te Sentespri a. E m te jis yon jèn predikatè, e m pa t konn fason an, ni twòp konsènan disènanman lespri. Men m te la. E m te konnen Bondye menm ki te sove m lan, se te menm sansasyon an. . . M te santi m tankou m t ap travèse fetay kay la, se te yon sansasyon sitelman agreyab nan bilding sa. Mwen te panse. . .

<sup>188</sup> Anviwon mil senksan nan yo la. M te panse, “O la la, la la!” De oswa twa group nan yo te rankontre ansanm. Epi m te panse, “Gade non, mezanmi! Kouman sa fè posib? Kounye a, gran Lespri sa nan bilding sa a ap tonbe konsa; e la, w ap gade sa k ap pase laba a, mesye sa yo k ap pale an lang, entèprete, ap bay mesaj kòrèkteman—e youn ladan yo se yon ipokrit e lòt la se youn vrè òm de Dye.” E m te panse: “Bon, mwen nan konfizyon total. M pa konn kisa pou m fè.”

<sup>189</sup> Ebyen, imedyatman apre sa, yon bon zanmi m, Frè Davis (ou konnen), te kòmanse ap di ke m te yon maryonèt. Sa se jwèt yon tifi, ou konnen. E konsa, mwen te selibatè, e alò mwen. . . Li te kòmanse yon pakèt istwa avè m, e apres a ap kontinye konsa, yon jan ap pran plèzi avè m.

<sup>190</sup> E nou t ap fè yon ti. . . E manman w ak nou tout t ap fè ti reyinyon plizyè kote. Tabènak la pa t—pa t ap fonksyone nan epòk sa, e nou te konn ap fè ti reyinyon diferant plas. E finalman yon jou, apre ke tabènak la te fin bati, plizyè lane apre, Mwen te monte Green’s Mill nan gwòt mwen an pou m priye, paske Frè Davis te di kèk bagay tèrib sou mwen nan—nan—nan jounal li a. Mwen te renmen l. M pa t vle pou ke anyen rive, e mwen—mwen t al la pou priye pou li. E m te monte la, e m te antre nan gwòt la. E m te rete la apeprè de jou. Epi m te di, “Seyè, padone l. Li—li pa t vle di—vle di sa.” E m te panse, “Ou konnen. . .” Sa jis rive ke m t ap panse a yon Ekriti.

<sup>191</sup> E m te soti. E te gen yon twonson bwa (twonson bwa sa toujou lonje la, m te sou li sa pa fè lontan) li te tonbe sot sou mòn lan

epi lonje antravè nan yon ti chemen ki kontounen apati ti sous dlo a. E m jis te sele twonson bwa a, ap gade atravè montay yo byen lwen—lwen dèyè la, epi m te depoze Bib mwen konsa. M te panse, “Ou konnen. . .” M t ap panse a yon Ekriti: “Bòs fòjon an, li te fè m anpil mal, e li te di dè bagay.” Ou konnen. . . M te panse, “M kwè mwen pral jis li sa a.” M te louvri Bib la, e m te di, “Ebyen. . .” M te siye figi m, epi van an te souffle, e li te vire l nan Ebre 6. “Ebyen,” mwen te di, “se pa kote sa li ye.” E m te redepoze L konsa. Epi van an te souffle ankò e Li te fè L tounen ankò. E m te di, “Bon, se etranj, van an k ap souffle l tounen konsa.” Kifè m te panse, “Ebyen, m kwè m pral li l.” E sa te di:

*Paske li enposib pou sa yo ki te eklere yon fwa, . . . ki te patisipe nan Sentespri a, epi te goute . . . Pawòl Bondye a, ak bagay monn k ap vini an.*

M te panse: “Ebyen, m pa wè anyen avèk sa.” M li l jouk anba, tout rès chapit la. Pa gen anyen espesyal nan sa. Mwen di, “Ebyen, se—se regle pou sa.” E mwen—mwen te wè l tankou sa, e men li ki te retounen ankò. E m te pran L, e m te panse, “Bon, kisa sa ye?” M te kontinye li sa, epi li l, epi li l, mwen te di, “Ebyen, m pa ka konprann.” Alò mwen te kontinye. . . Epi mwen te li pi ba:

*. . . li enposib pou sa yo ki yon fwa eklere, . . .*

Sa te desann pi ba nan yon plas la kote sa te di:

*E tè a . . . te bwè lapli ki tonbe sou li souvan an, pou pwodui manje fèy pou sila yo ki te prepare, ki te resevwa benediksyon nan men Bondye:*

*Men sa ki pote pikan ak pengwen, yo pa vo anyen, e . . . pare pou malediksyon; jijman yo se pou yo boule.*

<sup>192</sup> M te di: “M ap mande m kisa sa vle di?” Mwen ta jis. . . Kounye a, mwen pa t ap panse a anyen anwo a la. Te jis ap panse a sa. E jis nan moman sa a m te la, M te panse ke Seyè a t ap ban m yon vizyon sou Frè Davis ak lòt yo anba la. E m te la; M te gade, e m te wè yon bagay ki t ap vire atravè twou ki devan m lan. E se te yon mond ki t ap vire. E m te wè l tou demoli, te jis sanble li te laboure nèt. Epi yon Nonm te soti ak yon—yon—yon gwo gwo bagay devan L ranpli ak semans, e Li t ap simen semans lan tout kote sou tè a pandan L t ap deplase. Epi Li t al fè tou koub tè a, e Li te soti nan vizyon m. Epi osito ke Li te soti nan chan vizyon m, men yon nonm ki te reyèlman parèt sounwa, abiye ak abiman nwa, ap vire anwon konsa, pou ap fè, *wouw*, *wouw*, ap voye move semans, *wouw*, *wouw*. E m t ap obsève l, e pandan ke tè a te kontinye ap vire. . .

<sup>193</sup> Apre yon sèten tan ble a te leve. E lè ble a pouse, laba a raje soti, ak pikan, ak epin, ak move zèb santi, e tout bagay t ap grandi, kandelab, ak tout bagay ki t ap grandi nan ble a. E yo tout t ap grandi ansanm. Epi men yon veritab, move sechrès ki te vini, e ti ble a te gen tèt li panche konsa, ak ti raje, ak pye

pikan, epin, yo te gen tèt yo panche. Chak move zèb te jis, ap *rakle, rakle, rakle, pant*, ap respire konsa. Ou te ka jis tandè yo. Epi yo t ap mande pou lapli, lapli.

<sup>194</sup> Epi apre yon ti tan, yon gwo gwo nyaj te vini, e dlo a te jis koule desann. E lè l te tonbe sou sa la, ble sa te sote epi te kòmanse rele, “Glwa! Alelouya! Louwanj pou Seyè a!” Men ti move zèb santi a ki te leve epi ap rele, “Glwa! Louwanj pou Seyè a! Alelouya!” Pikan yo ak tout lòt yo, t ap danse toupatou nan chan an, ap rele fò, “Glwa! Alelouya! Louwanj pou Seyè a!”

Ebyen, m te di, “M pa ka konprann sa a.”

<sup>195</sup> Vizyon an te kite m; la mwen te tonbe sou sa ankò: “Raje ke yo sou pwen rejte.” Alò mwen te sezi l. Jezi di, “Lapli a tonbe sou jis la ak enjis la.” Yon nonm ka chita nan reyinyon an, ka pale an lang, ka rele fò epi aji jis tankou rès yo avèk otantik Sentespri a epi li toujou pa nan Wayòm Bondye a. Se egzaktèman sa. Èske Jezi pa t di, “Anpil va kanpe nan jòu sa a pou di, ‘Seyè, èske m pa t chase demon nan Non Ou? Èske m pa t pwofetize (preche) nan Non Ou? Èske m pa t fè anpil zèv pwisan nan Non Ou?’” Jezi te di, “Wete kò nou sou Mwen, noumenm ouvriye inikite, mwen pa t janm menm konnen nou.” Sa w panse de sa?

<sup>196</sup> Men egzaktèman sa l vle di la a. Ou wè? Yo te goute bon lapli ki sot nan Syèl la. Men pou kòmanse, yo te fo. Pou kòmanse objektif yo pa t kòrèk; motif yo pa t kòrèk. Sa a, ou pa konnen. Li . . . Ou konnen, nan sezon rekòt la li te di, “Èske m dwe ale epi rache yo tout?”

<sup>197</sup> Li te di, “Kite yo grandi ansanm, e jòu sa a pikan ak epin sa yo va boule ansanm, epi ble a va al nan galata.” Bon, kijan w pral fè konnen kilès ki se pikan, oswa kilès ki se epin, oswa kilès ki se ble? “Se pa fwi yo ou w ap konnen yo.” Ou wè, frè, sè, yon bon pyebwa pa ka pote move fwi. Pe enpòt, kèk kote sou wout la, l ap ratrape w. Kifè, noumenm k ap chache batèm Sentespri a . . . Mwen kontan pou kèlkeswa moun ki te ekri sa a. Ou wè?

<sup>198</sup> Kounye a, kwayan fwontalye sa yo dèyè a la, yo te kòrèk avèk yo. Yo te sikonsi ak sikonsizyon yo a. Yo te ale drèt nan peyi ke Bondye te pwomèt la, drèt nan limit li. Te gen pakèt moun ki te mache jouk nan limit sa. Yo va avanse drèt jiska batèm Sentespri a epi rejte l. Li pa vle abandone l. Li va mache drèt jiska batèm selon Ekriti a nan Non Jezikri, epi vire do l tounen, epi rejte l pou l pa fè fas a li.

<sup>199</sup> Pa gen yon sèl Ekriti nan tout Bib la kote yon moun te janm batize nan non Pè, Fis, Sentespri, pa gen yon sèl Ekriti. Legliz Katolik te kòmanse avè l, li te soti nan Luther, desann nan Wesley, e li te tire rive jouk isi a. Se egzaktèman sa. Men lòd dapre Ekriti a se lan Non Seyè Jezikri. Sa se batèm apostolik. Ou pa ka fè sa epi rete nan yon denominasyon. Se vre.

<sup>200</sup> Kounye a, ou wè bagay sa yo? Batèm Sentespri a, don Sentespri yo, bagay Bondye pwodui yo . . . Fwi Lespri a



se lanmou, lajwa, pasyans (o, ou di, “Men Frè Branham, benediksyon pou Bondye, mwen gen pasyans.” Sa sanble sa. Mwen te monte al Ohio la sa pa fè lontan, e yon moun te mande m, te ekri yon lèt anba la a pou l te mande m si m te batize moun nan Non Jezikri. Mwen pa janm di yon mo. Yo te jwenn li kanmenm, e sèz minis k ap kolabore te rale kò yo. Sa se pasyans pa vre!)—pasyans, bonte, dousè, jantiyès, pasyans, ak Sentespri a. Ou wè?

<sup>201</sup> O, frè, sè, nou—nou rive Kadès-Banea. W ap goute kounye a. Yè swa Sentespri a te tonbe sou nou, te antre nan nou, tankou yon van vyolan. Li te pose sou anpil nan nou. Jodi a minis yo t ap vizite fwaye yo pasi pala, ap enpoze lèmen epi priye pou sila yo k ap chache Sentespri a. Piga w pran yon ranplasan. Piga w pran yon jan de bri. Piga w pran yon jan de sansasyon. Ret tann la jiskaske Bondye fòme w e fè w yon nouvo kreyati, fè w yon nouvo moun. W ap goute Sa kounye a, jis goute L, men kite Kolonb lan kondui w jouk sou tab la, epi—epi Ayo a ak Kolonb lan te chita ansanm, epi ap fete pou tout tan ak Pawòl Bondye a. Paske Sa ap reziste lè pa gen ankenn syèl ni tè; Pawòl Bondye a ap demere. Sa se vre.

<sup>202</sup> Tanpri pa panse ke m radikal. Si m te sa, mwen pa t gen entansyon an. Si mwen. . . M espere ke m te reponn kesyon sa yo; Mwen fè sa, omye de konesans mwen.

<sup>203</sup> E se poutèt sa, nan Ebre 6, si w vle gade, Pòl t ap pale ak Ebre ki te di, “Ebyen, n ap ansanm avè w jouk la.” Yo va rive. Ou wè? Li te di, “Kounye a, ou te. . .” Sila yo ki vini e ki te goute.

<sup>204</sup> Sa te bay ke m te jis gade dèyè nan bilding lan. Pou montre w prèv yon Bondye Vivan. Mwen espere ke m pa t fè rekonèt moun sa a. M te soti nan yon reyinyon sa pa fè lontan, e m te vin isi a, e m te anonse nou ke se yon bon zanmi, yon zanmi pèsònèl mwen, yon konpayon lachas, yon nonm ki te bon avè m, yon nonm ki te nan legliz mwen an, e li te frè m; mwen te rele l Busty. Non li se Everett Rogers; ki te rete nan Milltown. Konbyen moun ki sonje m te vin isi a pou anonse sa? Li te lonje la nan lopital la; doktè yo te opere l, yo te louvri l, e li te tèlman plen ak kansè ke yo te jis koud li. Yo te di, “Li pral deperi touswit; nan kèk semèn l ap mouri; se tout sa ki pral genyen a sa. Li pral fini, se tou.”

<sup>205</sup> Nou sonje jan m te kanpe la sou estrad la, m te priye pou li? M te desann la epi m te antre nan chanm lan, yon bagay t ap manje m nan kè m. M te antre nan sal la, e osito m te fè tout moun soti pou m te ka. . . Frè Everett te lonje la. E w ap sonje sa. Mwen te antre; m te di: “Frè—Frè Busty.” (Mwen te konn rele l Busty.)

<sup>206</sup> Sa fè lontan lè nou te konn gen reyinyon anba tonèl branch bwa anba la, tout Metodis sa yo te laba a sou kolin lan (Gertie, se youn nan yo), t ap fofile toupatou, t ap espyone atravè tonèl rezen an pou wè kisa m ta pral di, epi konsa, yo te pè ke legliz Metodis la t ap ekskominye yo. E lè sa, m t ale e m te gen yon vizyon la, e m te wè tout vyann ki te anpile nan yon mamit. M te

pran yon pakèt pwason epi m te kòde yo, mete—mete yo nan kòd sa yo, pou m te mare yo. Epi lè m te gade . . . E tout nèt se te nan yon vizyon; m te kite—kite yon pakèt moun kanpe anba tomèl branch bwa a jou swa sa pou monte anwo tèt kolin lan kote Frè Wright. E yo pa t menm ka jwenn mwen nan demen maten. M te di, “Piga youn nan nou . . .”

<sup>207</sup> Pandan m te kanpe la ap preche, men Limyè sa ki te vini; Kolòn Dife sa te pandye jis la devan m pou di, “Kite isi a epi al nan bwa; M va pale avè w.” Se te menm jou sa a, jou apre a lè yo te jwenn mwen anwo a sou ti mòn lan. E mwen te anwo la; m te kache machin mwen an nan mitan move zèb yo, e m te monte sou yon mòn ap priye tout lannwit e tout jounen apre a. Kèk nan yo te monte la, te jwenn machin lan epi yo te vin la . . . Se te jou ke Frè Graham Snelling, la, te resevwa Sentespri a ak apèl pou ministè a.

<sup>208</sup> Anwo la sou ti mòn lan kote m te lonje la, epi Li—Li te di m plizyè bagay pou m fè e kijan de kominikasyon nou t ap genyen ansanm. Li te bay yon vizyon sou pwason sa yo ki te mare a, te di, “Sa se legliz Milltown ou a.”

Epi kat oswa senk nan yo te disparèt; epi m te di: “Kiyès sa?”

Li te di, “Youn nan yo se Guy Spencer ak madanm li. Lòt la se yon lòt Spencer la, ak moun li yo.” E Li te site diferant lòt, ki ta pral tonbe.

<sup>209</sup> Mwen te di yo; m te di: “Piga youn nan nou manje.” Madanm mwen avè m pa t . . . Se te anvan nou te marye; e manzè t al lakay pou l pase tout nwit lan ak Sè Spencer, yon fanm ekstraòdinè. Yon nonm remakab, Guy Spencer li jis osi janti ke yon nonm ki kanpe ak soulye an kwi. Epi li—epi li te desann la, e Opal te di: “Kounye a, gade . . .” li te di Meda, te di: “Kounye a, Meda, Mwen kwè Frè Bill.” Li te di, “Men lè Opal grangou, manzè dwe gen janbon ak ze.” Alò l al lòtbò a, epi li fri janbon ak ze, epi li chita pou manje yo, e li te kòmanse pwononse benediksyon an, e li te apiye sou tab la, ap kriye, li pa t ka manyen l. Apresa yo te vin ap chase.

<sup>210</sup> Epi anwo la sou kolin lan jou sa, Li te di m egzakteman sa k ta pral rive. Li te di, “Sa yo pral pati, e apres sa sila yo pral pati.” Men Li te gen yon gwo pakèt vyann nan bwat. Li te di, “Gade sa pou pita pou moun Milltown yo.” E lòt jou swa lè m te tande Frè Creech . . . Li te la yè swa. Mwen pa . . . Frè Creech, èske w la a aswè a? Lè Frè Creech te vin kote m, te rele m, epi Sè Creech, t ap kriye; papa l te etann la. Li te di, “Frè Bill, pa di l li. L ap mouri.” Li te di, “Kansè a te fin devore l; doktè yo te louvri l, e li jis plen ak kansè otan ke posib.” Epi Will Hall (ak nou tout sonje li), lè menm doktè a te louvri l e li te sitèlman anvayi ak kansè . . . Mwen te kòmanse al chase ekirèy jou maten sa, e mwen te wè pòm yo ki te pandye nan chanm lan. (Ou sonje istwa sa a?)

E men nonm nan k ap viv jodi a. Sa fè plizyè lane. Limenm ak Frè Busty te zanmi.

<sup>211</sup> E m te desann nan lopital la, nouvo lopital la (mwen bliye kijan yo rele l, laba a nan New Albany) nouvo lopital la. E m te ale la pou m wè Busty; e lè m te antre nan chanm lan, m te di, “Frè Busty.”

Li te reponn, “Frè Bill.” Te ponyen men m ak gwo lanmen ansyèn mòd sa; yon veteran Premye Gè Mondyal, pa t ap di sa nan prezans li, men tankou yon kè ki jis pa t janm bat osi byen anba yon vye chemiz ble. Li te ponyen men m. Mwen te lakay li; manje lakay li; te dòmi lakay li, jis tankou m te frè l. Timoun li yo ak yo tout, nou te jis—jis tankou frè menm san. Yon nonm debyen.

<sup>212</sup> E li . . . Men li pa t janm vin jwenn Seyè a an pwofondè. Li . . . Mwen te batize l nan Non Jezikri. Men jou sa lè predikatè Metodis sa te di, “Nenpòt moun ki batize nan Non Jezikri, soti anba tant mwen an.” Sa te kòrèk. George Wright ak lòt yo te soti. Jou apre midi sa mwen te desann la pou batize nan Non Jezikri nan Totten Ford. Tout kongregasyon l lan te avanse antre nan dlo a pou yo te batize nan Non Jezikri. Alò mwen te jis kontinye. Sa te kòrèk. Si Bondye pou ou, kimoun ki ka kont ou? M pa menm konn ki kote mesye a te ale, kisa k te rive l.

<sup>213</sup> Sepandan, mwen te antre nan lopital la. Te gen Busty ki te etann la tèlman anvayi ak kansè, doktè yo pa t menm vle, pa t fè anyen ke jis refèmen l. Busty di m; li di, “Frè Bill, sa se pou yon bi. Yon bagay te rive.”

Mwen te reponn, “Wi, Busty.” Te kòmanse santi Lespri sa tankou van vyolan sa m t ap pale a, ou konnen, ki t ap antre.

Li te di . . . Lè m te antre la, te gen yon lakansyèl nan kwen sa, ki te kanpe nan kwen sa. Yon akansyèl se yon alyans; alyans Bondye a. Bondye te fè yon alyans avè m sou mòn sa a jou sa. M te mete men m sou Frè Busty epi m te priye pou li.

Doktè yo di, “Li pral fin deperi. Li pral jis kontinye bese. Pa gen anyen ki ka fèt . . . Li pral jis pati nan kèk jou.” Epi Busty Rogers . . . Sa fè semèn apre semèn apre semèn de sa, epi Busty Rogers, chita drèt dèyè a la nan legliz la aswè a, an sante epi solid tankou m te janm wè l parèt nan vi m. Leve kanpe, Frè Busty. Men li. Ann bay Bondye louwanj, nou tout.

Yo te rasanble nan chanm wot la,  
 Tout moun ap priye nan Non Li.  
 Batize ak Sentespri a,  
 Epi pouvwa pou sèvis te vini.  
 Bon, sa Li te fè pou yo jou sa  
 L ap fè menm bagay la pou ou.  
 Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo.

youn nan yo, youn nan yo,  
Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo; (Alelouya!)

Youn nan yo, mwen se youn nan yo,  
Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

Menmsi moun sa yo pa ka pretann,  
Oswa vante yon renome mondyal,  
Yo tout te resevwa Pannkot pa yo,  
batize nan Non Jezi;  
E kounye a y ap di alafwa toupre e byen lwen,  
Pwisans li toujou menm lan.  
Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,  
Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo; (Alelouya!)

Youn nan yo, youn nan yo,  
Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

Kounye a, vini, frè m nan, chache benediksyon  
sa a

Ki va netwaye kè w de zafè peche,  
Ki va kòmanse fè klòch lajwa ap sonnen  
E ki va kenbe nanm ou an flam;  
O, sa ap boule kounye a nan kè m,  
O, glwa pou Non Li,  
Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

Ann chante !

O, youn nan yo, youn nan yo,  
Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo; (Alelouya!)

Youn nan yo, youn nan yo,  
Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

Konbyen moun ki se youn nan yo? Leve men nou. O, lala! O,  
ala kontan m kontan m se youn nan yo!

Youn nan yo, youn nan yo,  
Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo; (Alelouya!)

Youn nan yo, youn nan yo,  
Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
nan yo.

Yo te rasanble nan chanm wot sa,  
Tout moun ap priye nan Non Li,  
Yo te batize ak Sentepri a,

Alò pvwisans pou sèvis te rive;  
 Kounye a, sa L te fè pou yo jou sa a  
 L ap fè menm bagay la pou ou,  
 Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo.

O, youn nan yo, youn nan yo,  
 Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo; (Alelouya!)  
 Youn nan yo, youn nan yo,  
 Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo.

Kounye a, pandan n ap chante refren sa a ankò, mwen vle pou nou chak vire tounen, epi bay lanmen ak yon moun bò kote w, epi di, “Èske w se youn nan yo?” Ou wè? Dakò.

O, youn nan yo, (mwen konnen w se youn, Frè  
 Neville. Mwen konnen w se youn, Frè Capps.  
 Mwen konnen w se youn. Mwen konnen w  
 se...?...) . . . Mwen se youn nan yo;  
 O, youn nan yo, youn nan yo,  
 Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo.

<sup>214</sup> O, èske w pa kontan ou se youn nan yo? Konbyen moun ki ta renmen vin youn? Leve men w. Dakò. Kounye a, m pral chante sa a pou nou:

Alò vini frè m lan, chache benediksyon sa  
 Ki va netwaye kè w de zafè peche,  
 Ki va kòmanse sonnen klòch lajwa,  
 E ki va kenbe nanm ou an flam;  
 O, sa ap boule kounye a nan fon kè m,  
 O, glwa pou Non Li,  
 Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo.

O, youn nan yo, youn nan yo,  
 Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo; (Alelouya!)  
 Youn nan yo, mwen se youn nan yo,  
 Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo.

<sup>215</sup> Sonje sa ti jenn fi a te di Pyè, “Èske w pa youn nan yo?” Mwen si tèlman kontan, se pa vre? Nou konnen, Pyè te di jou Pannkot la, “Sesi se Sela!” Kounye a, m te toujou di, “Si *Sesi* se pa *Sela*, m kontan m gen *Sesi*, m ap tann *Sela* k ap vini an.” Se vre. Mwen kontan ak *Sesi*.

Paske mwen se youn nan yo, mwen se youn nan  
 yo

Mwen sitèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo;  
 O, youn nan yo, youn nan yo,  
 Mwen si tèlman kontan ke m ka di m se youn  
 nan yo.

<sup>216</sup> O, èske sa a pa yon bèl bagay, chita ansanm nan lye Selès yo nan Kris Jezi, ap kominye ak Lespri, ap kominye nan Pawòl la, ap pale de bon bagay k ap vini yo. Sa tèlman bon. Mwen sitèlman kontan pou m konn sa, pa oumenm? Èske w pa kontan ou se yon Kreyen? Èske nou pa kontan peche nou anba San an? Li pral vini youn nan jou sa yo, e n ap avè L. Alò panse, tout vyeyès la pral soti nan nou; tout maladi, tout afliksyon, tout lavi mòtèl la pral chanje. O, lala! Mwen ka jis panse a bon vye frè m yo ki te kanpe isi a. Mwen sonje . . . Konbyen moun ki sonje Rabbi Lawson? O lala, pi fò nan nou. Mwen ka wè l akwoche vye baton sa drèt la. E m ta chita dèyè a la. Li t ap chante ti chante sa . . . (Jis yon minit Teddy, frè.) M pral eseye, pou m wè si m ka jwenn akò a. Mwen pa konnen.

Yon landemen kè kontan ap tann mwen,  
 Kote pòtay pèl yo louvri byen laj,  
 E lè m travèse vale chagren sa a,  
 Mwen pral repoze Lòtbò a.

Yon jou pi lwen pase konesans mòtèl la,  
 Yon jou, Bondye sèlman ki konnen jis ki kote  
 oswa ki lè,  
 Wou lavi mòtèl yo tout va rete trankil,  
 Alò m pral abite sou kolin Siyon an. (Ya.)

<sup>217</sup> Ti wou sa yo k ap tounen anndan nou— wè, goute, sansasyon, pran sant, epi tandè, ti sans sa yo ak wou sa yo k ap tounen nan vi mòtèl sa a, yon jou yo va rete trankil. Alò mwen, mwenmenm, ak oumenm, nou pral abite sou kolin Siyon an. O, mwen renmen sa, pa vre? M Konnen nou gen asirans beni sa a. Dakò. Konbyen moun ki konn vye chante batèm nou an? Kounye a, nou pral chanje sa a. Ann pran chante pou klotire nou an:

Pran Non Jezi avèk ou,  
 Timoun nan lapenn ak malè yo;  
 L ap bay lajwa ak rekonfò,  
 Pran Li tout kote w ale.

<sup>218</sup> Pran Non Jezi avèk ou. Jis fè sa, alò ke w prale. Dakò, nou tout ansanm kounye a. Pa bliye, a uit è nan maten yo pral distribye kat priyè pou reyinyon an. Reyinyon an ap kòmanse a nevè edmi. M ap preche a dizè. Sèvis lapriyè pou malad yo pral kòmanse vè onzè.

<sup>219</sup> Demen apremidi, demen swa pral gen yon mesaj evanjelik nan tabènak la. Epi demen swa, nou tout ki repanti de peche nou yo epi ki pa t janm batize, pral gen . . . pisin lan pral louvri; nou pral batize moun yo nan Non Seyè Jezikri.

<sup>220</sup> Tout moun ansanm kounye a, pandan n ap chante ak vwa nou byen fò. Frè Busty, ou pa konn kijan m kontan e rekonesan anvè Bondye. Ou konnen, li t al kay doktè. Epi yo di m doktè a te gade l, e li jis pa t konn kisa pou l panse. Li pat kwè se te menm endividi a. O, se pa yon sekre sa Bondye ka fè. Se pa vre? Dakò.

Pran Non an . . .

Fè l sonnen!

. . . avèk ou,

Timoun nan lapenn ak malè yo;

L ap ba w lajwa ak rekonfò,

Kounye a, mennen L tout kote w ale.

Non presye, (Non presye!) O ala dous!

Espwa tè a ak jwa Syèl la;

Non presye, (O, Non presye!) O ala dous!

Espwa tè a ak jwa Syèl la.

<sup>221</sup> Dakò. Mwen remèt sèvis la kounye a bay pastè a. Li pral gen kèk mo, oswa mande yon moun pou voye nou ale, kèlkeswa sa ki nan panse l la. 🙏

59-1219 Kesyon Ak Repons Sou Sentespri  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Ind yana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papey kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)